ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№9 (23.167) • 2016 гъэм щIышылэм (январым) и 21, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ лэжьыгъэм Iуэху куэд къызэщIеубыдэ

**Хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ ведомствэхэм эздай республикэ комиссэм мы гъэм и яп э зэIущIэр дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ. Абы щыхэплъащ 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «КъБР-м хабзэншагъэхэр къыщымыгъэхъунымкIэ, жылагъуэ хабзэмрэ жылагъуэ щынагъуэншагъэмрэ щыгъэбыдэныр» къэрал программэр зэрагъэзащIэм. Коррупцэм пэщIэтынымкIэ урысей бизнесым и хартием тету къэрал властым и органхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэр, бизнесым и лIыкIуэхэр зэрызэдэлажьэм, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ1апIэу республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ щыIэхэр сурэт тезых Iэмэпсымэхэмрэ видеокамерэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщым, наркотикхэм зэратхьэкъуам къыхэкIыу зэIэзахэр гъащIэм зэрыхагъэзэгъэжым.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм къита бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, нэхъ зыхуэсакъыпхъуэ къалытэу учётым ягъэувахэр балигъ мыхьуахэм ящыщу 259-рэ, унагъуэ нэхъ зэкIэлъымыкIуэу 119-рэ мэхъу. Абыхэм хэхауэ социальнэ, правовой, психологие дэIепыкъуныгъэ ират.

Хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ куэд елъытащ наркотикхэм ятхьэкъуауэ щытахэр гъащIэм хэгъэзэгъэжьымкIэ зэхалъхьауэ щыта программэр гъэзэщIэным, медицинэм и Iуэхущ1апIэхэм я инфраструктурэр егъэфIекIуэным, цIыхубэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэным. КЪБР-м Узынщагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къызэритымкIэ, наркотикхэм зэратхьэкъуам къыхэкIыу диспансер учётым ягъэувауэ щытхэр иужьрей илъэсым нэхъ мащIэ хъуащ.

ЗэIущIэм къызэрыщагъэлъэгъуамкIэ, иджыпсту гупымытэ нэхъыбэ зыхуащIыпхъэхэм ящыщщ хьэрычэт Iэнатlэ мыинхэмрэ курытхэмрэ я хуитынигъэхэр хъумэныр, административнэ текъуэзныгъэм абыхэм кьахуихь лъэпощхьэпохэр гъэкIуэдыныр, бизнесым и Iэнатlэр коррупцэм пыща хабзэншагъэхэм ящыхъуэныр. КЪБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэм нэгъабэ и закъуэ мы Iэнатlэм Iулъхьэ зэIэпэхыным пыща хабзэншагъэу 35-рэ ящыщIащ-гъэщащ, коррупцэм ехьэлIа куэанщагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэралжьам папщIэ цIыху 52-рэ уголовнэ жэуапым ирашэлIащ. Бюджет ахъшэ зэрызэхадыгъуэм теухуа уголовнэ Iуэхуу 47-рэ зэхэгъэкIым яухри судым ираташ.

Жылагъуэ хабзэр гъэбыдэным, шынагъуэншагъэ зэтегъэуэвэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI лжьыгъэхэм ящыщщ «Шынагъуэншагъэ здэщыIэ республикэ» аппарат-программэ комплексым зэпымыууэ зэрызрагъэужьыр. ВидеокамерэхэмкIэ зэпымыууэ зыкIэлъыплъ щIыпIэхэр иджыпсту 514-м нагъэсащ икIи абыхэм щалэжь хабзэншагъэхэр процент 60-м нэблагъэкIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Езыхэр зыпэрыт Iэнатlэхэм хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъуным теухуауэ щрагъэкIуэкI лжьыгъэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ящIащ КЪБР-м егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министрым и къуэдзэ Кирин А. В., КЪБР-м узынщагъэр хъумэнымкlэ и министрым и къуэдзэ Асанов А. О., Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъыныкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Сокъур О. Хь., КЪБР-м лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныгъэмкlэ и министр Тюбеев А. И., КЪБР-м и сатупромышленнэ палатэм и унафэщI Гъукlэлl Хь. М., КЪБР-м щыIэ МВД-м экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкlэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Мер В. М., КЪБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къудей А. М. сымэ.

ЗэIущIэм кърихьэлIащ КЪБР-м щыIэ федеральнэ инспектор Глущенкэ В. В.

***КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.***

● КЪБР-м и Парламентым

# Хуэныкъуэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныр къалэн тыншкъым

**КЪБР-м и Парламентым Хуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и жэрдэмкIэ мы Iуэхум щытепсэлъыхьащ социальнэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэм хиубыдэхэм папщIэ псэупIэхэр зэраухуэм хуэгъэзауэ къызэрагъэпэща зэIущIэм. Абы теухуауэ къыщыпсалъэм комитетым и унафэщI Гриневич Валерий къыхигъэщхьэхуэкIащ:**

- ПСОМИ нэгъэсауэ къыдгуроIуэ ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ я Iэнатlэхэр зэлъэкIуэхэр зэрыиныр икIи зэрымытыншыр. Ауэ федеральнэ Iэнатlэм щекIуэкI Iуэхуэхэм кьагъэлъагъуэ щIыналъэхэм я дэIепыкъунытъэкIэ а къалэнхэр дэбгъэкIыну зэрынэхъ тыншыр. Мы зэIущIэм щыдубзыхун хуейщ дызытепсэлъыхь Iуэхуэхэр гъэзэщIэныныкIэ хэкIыпIэхэр. Апхуэдэу зыгурыдгъэIуэн хуейщ дэтхэнэ къалэнри къэдгъэлъагъуэ хуейр мыхъуу, ар гъэзэщIа хъунымкIэ нэхъ зытегъэщIапхъэу щыIэхэр къызэрылыкIуапхъэр.

КЪБР-м уху эныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Шавчий Татьянэ зэлъэкIуэм зэрыщыжиIамкIэ, 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныр» къэрал программэм ипкъ иткIэ 2013 гъэм псэупIэу метр зэбгъуэзнатlэ мин 290,8-рэ яухуащ, псори зэхэту метр зэбгъуэзнатlэ мин 30,2-рэ къикIыу фэтэр куэд хъу псэупIэ унэ 12 хьэзыр ящIащ.

2014 гъэм яуха псэупIэхэр метр зэбгъуэзнатlэ мин 328,4-рэ мэхъу, метр зэбгъуэзнатlэ мин 30 къыззэрыкI унэ зэтету 12-м цIыхухэр щIагъэтIысхьэжащ.

Иджыпсту къабжьыж 2015 гъэм кърикIуахэр. Къызэралъытэмкlэ, нэгъабэ псэупIэу метр зэбгъуэзнатlэ мин 409,7-рэ хьэзыр ящIащ. ЩIышылэ - щэкIуэгъуэ мазэхэр кьапщтэмэ, а зэманым псэупIэу яухуар метр зэбгъуэзнатlэ мин 281,1-рэ мэхъу е 2014 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ проценти 114,9-рэ. Зэрыщыту 2015 гъэм и мазэ 11-м фэтэр куэд хъу псэупIэ унэу 5 хьэзыр ящIащ метр зэбгъуэзнатlэ мин 17,1-рэ кьикIыу.

Къалэхуэ, проект документацэ, щIыналъэ планхэр зэхэлъхьэнымкIэ документхэр гъэхьэзырыным щытепсэлъыхьым доклад зыщIам кьыхигъэщхьэхуэкIащ щIыр къэгъэсэбэпынымкIэ, уху эныгъэхэр егъэкIуэныкIэ зэхалъхьа планхэр зиIэн хуей муниципальнэ щIыналъэу 122-м, абыхэм кьалэ округу 3, кьалэ жылагъуэу 7, куэажэу 112-рэ яхэту, здэщIэкIыу апхуэдэ планхэр зэхалъхьащ.

Шавчий Татьянэ апхуэдэу тепсэлъыхьащ гуп щхьэхуэхэм хиубыдэ цIыхуэхэм щы Iыхьэхэмрэ псэупIэхэмрэ зэрыратым. Къапщтэмэ, жылагъуэхэм я администрацэхэм 2013 гъэм щы Iыхьэхэр бынищ е нэхъыбэ зиIэ унагъуэу 36-м, 2014 гъэм 175-м, 2015 гъэм и мазэ 11-м 207-м хухахащ. 2016 гъэм щIапIэу 2501-рэ ятыну я мурадщ. А щIыкIэм тету 2017 гъэм ирихьэлIэу унэ зыщIынухэм я процент 55-р щIапIэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2016 гъэм щIышылэм и 28-м ирагъэкIуэнущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

***КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.***

● Дыгъуасэ

# Аргуэру зэ хоплъэ

**ЩIышылэм и 20-м КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Граждан жылагъуэм зегъэужьыныгъэ лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэмкIэ и комиссэм и зэIущIэ екIуэкIащ. Абы къыщаIэта упщIэхэм ящыщщ Тыркум къикIыжа ди лъэпкъэгъуэхэр къэрал къулыкъущIапIэхэм зэхэзехуэн ямыщIыну къыхуриджэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий зэрызахуигъэзар.**

ЗэIУЩIЭМ хэтащ Жылагъуэ палатэм и комиссэм и унафэщI **Маслов Николай**, ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, абы и къуэдзэхэу **Бырсекъуэ Орфанрэ НэщIэпыджэ Замирэрэ**, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**, Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхуэхэмкlэ федеральнэ къулыкъущIапIэу КЪБР-м щыIэм и къудамэм и унафэщI **Iэрэмысэ Анзор**, КЪБР-м Граждан, жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ и управленэм и лэжьакIуэ **Дзасэжь Анзор**, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм Жылагъуэм запыщIэнымрэ информационно-технологие къызэгъэпэщынигъэмкlэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Дадэ Суфэдин**, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм убгъуауэ къыщыпсэлъащ ДАХ-м и тхьэмадэр. Абы жиIащ Урысейм ирэ Тыркумрэ я зэхущытыкIэхэр зэрызэIыхьам и зэрар ди лъэпкъэгъуэм едгъэкI зэрымыхъунур, къэрал хабзэ ткIийкIэ къыщытпамыубыдкIэ, ахэр ди хэкум ихужьи Iуэху къэрал къулыкъущIапIэхэм зэрахуэн зэрыхуэмейр. Абы и лъэныкъуэкIэ ДАХ-м и Iуэхущ1апIэм зэIущIэхэр зэрыщекIуэкIам, УФМС-ми, МВД-ми, ФСБ-ми ирагъэкIуэкI къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэм зэрызыщагъэгъуэзам, нэгъуэщIхэми къытеувыIащ Сэхъурокъуэр.

ДАХ-м и вице-президент Бырсекъуэ Орфан дыщIигъуащ Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхуэхэмкlэ федеральнэ къулыкъущIапIэу КЪБР-м щыIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыпсэу тхьилъэм ныкъусаныгъэ хэлъу тхьилъымпIэ зыхуигъэхьахэм адыги 7 зэрыхэтыр, уэчыгъэр я гъусэу иджыпсту абыхэм я Iуэхуэхэр зэрызэхагъэкIыр.

УФМС-м и лIыкIуэ Iэрэмысэ Анзор къызэхуэсахэм я пащхьэ щыжиIащ ди хэкуэгъуэхэр къэралым ирахужу ягъэхъыбархэм лъабжьэ зэрамыIэр, ауэ я лэжьыгъэм и хабзэм тету къэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIар, зи тхьилъымпIэ мытэмкIэм зэрагъэзэхуэжыну иджыри Iэмалрэ зэманрэ зэраIэр.

Къызэхуэсахэм жалахэм едэIуа нэужь, Маслов Николай къыхилъхьащ мы Iуэхум набдзэгубдзапIэу иужь итын зэрыхуейр, ди лъахэгъуэхэм, ди лъэпкъэгъуэхэм яфI зыхэлъхэр дэ дымыигъэкIуатэмэ, нэгъуэщI къакIуэу сэбэп къызэрытхуэмыхъунур.

ЗэIущIэм унафэ щащIащ зи гугъу ящIа Iуэхур КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и Совету мазаем и 29-м екIуэкIынум къыщыхалъхьэну, абы папщIэ лэжьакIуэ гупи къызэрагъэпэщащ. Советым и зэIущIэм кьрагъэблагъэнущ КЪБР-м и Парламентым, МВД-м, Роспотребнадзорым, прокуратурэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр. КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и советым Iуэхур щызэпкърахьнурэ къэрал къулыкъущIапIэ псоми чэнджэщ хуагъэхьынущ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

## Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ

**Китайм къыщащтащ терроризмэм пэщIэтыным хуэунэтIа Iуэхуэхэр щыубзыхуа закон. А къэралым нэхъапэм апхуэдэ хабзэ зэи иIакъым.**

Законым и къалэн нэхъыщхьэр а щIэпхъаджагъэ лIэужьыгъуэм къэрал кIуэцIым щыпщIэтынырщ, террорым и сыт хуэдэ лIэужьыгъуэми я цIыхухэр щыхъумэнырщ.

Къэрал унафэщIхэм къызэралъытэмкlэ, абы къыщыгъэлъэгъуахэр нэсу яхуэгъэзащIэмэ, дунейпсо шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныкIи ар сэбэпышхуэ хъунущ. Законыщ1эм ипкъ иткIэ терроризмэм и бийуэ нэгъуэщI къэралхэм ирагъэкIуэкI Iуэхуэхэм хьыхь хъунущ Китайм и дзэхэр.

## Хэщ1ыныгъэшхуэ къахуехь

**Украинэм экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, я деж къыщыщIагъэкI ерыскъыхэкIхэр Урысейм зэрримышэхуэ лъандэрэ я къэралым и Iуэхущ1апIэхэм хэщ1ыныгъэгъуэтар доллар мелуан 98-рэ хуэдиз мэхъу.**

Дызэрыщыгъуазэщи, Украинэм кораша ерыскъыпхъэхуэ лыр, нэкъупхэкIэр, бдзэжьейхэр, хадзэкIэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, гъэшхэкIэр УФ-м щащэну хуиткъым. Абы и жэуапу, Украинэми УФ-м кьыхуэгъэзэа санкцэхэр кьиштащ.

Украинэм экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ и министр Абромавичус Айварас апхуэдэ хэщIыныгъэр зыхамыщIэнкIэ Iэмал зэримыIэр щыжиIащ иджыблагъэ ита пресс-конференцым икIи а щытыкIэм къикIа зэрыхъуну хэкIыпIэхэр къэгъуэтын зэрыхуейр, апхуэдэу зэпыIукIуэтыным къэралитIми я фейдэ зэрыхэмыльыр къыхигъэщащ.

**♦Iэплlэ зэхуэщIыным и дунейпсо махуэщ**. Ар 1986 гъэм США-м къыщыхалъхьати, абы и хъыбарыр дунейм псом псынщIэу щызэпъащIысауэ, къэрал куэдым щагъэльапIэ.

**♦УФ-мрэ Белоруссиемрэ я инженер дзэхэм къулыкъ щызыщIэхэм я махуэщ**

**♦Польшэм щагъэльапIэ Анэшхуэхэм я махуэ**

♦**1918 гъэм** Адыгейм Совет властыр щагъэуващ.

♦**1924 гъэм** Ленин (Ульянов) В. И. дунейм ехьжащ.

♦**1945 гъэм** ЦIыхубэ Комиссархэм я Советым унафэ кьищтащ Москва Ботаническэ хадэ къыщызэIухыным теухуауэ.

♦**1954 гъэм** дунейм щыяпэу США-м хьэзыр щыхъуащ атом псыщIагъыркIуэ кхъухьыр.

♦**1985 гъэм** Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан дунейм ехьжащ.

♦Франджым щыщ дизайнер-модельер, зи Iэдакъэщ1экIхэмкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуауэ щыта **Диор Кристиан** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦Совет къэфакIуэ, балетмейстер, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Моисеев Игорь** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Хьэхъупащ1э Хьэжбечыр** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ егъэджакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор **Мэлбахъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КЪБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бищ1о Борис** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артист **Харатьян Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

### Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 3 - 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхъэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Ленин Владимир дунейм зэрехьыжрэ нобэ илъэс 95-рэ ирокъу



# Ленин

*(Усэм щыщ пычыгъуэ)*

Уи идее иным бэлыхь уэрдыхъур
ЩIы къуза шарым къыфIегъэлъэлъ,
Материк жьжьэхэм жыр лъэхъу фIыщIэжьхэр
Уи гений макъымкIэ къызэролъэлъ.
Ильич, нып плъыжьыр щыхэптIа щIыпIэр -
Дэ ди планетэм и купсэ наIуэщ,
А уи Iэ лъэщыр щыпIэта хэкур
Лъэныкъуэ псомкIи зы дыгъэ гъуазэщ.
Пащтыхь лъыифхэм я дыщэ тажхэр
Уэ укъыщалъхум улъиигъат;
Нэрымылъагъуми, я гум укъыщIэу,
Дуней лэжьакIуэр пщыгуфIыкIат.
Уэрщ ялэ дыдэу зы къэралышхуэр
ЦIыхугъэ дахэм ныхуэзышар,
Абы народхэу щыпсэу гъунэжхэр
ЗэщыгуфIыкIхэу здэпсэу зыщIар.

**ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий.**
*1939 гъэ.*

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Уэсыр фошыгъу хъуати, фошыгъулъэ игъуэтыжакъым.**

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхуэхэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

# Хуэныкъуэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыныр къалэн тыншкъым

*(КІэухыр. ПщІэдзэр 1-нэ нап.).*

А псоми къадэкІуэу, сом мелуан 28,5-рэ трагъэкІуадэри, Хэку заузшхуэм хэтахэм ящыщу 29-м 2015 гъэм псэупІэхэр къызэрагъэпэщащ. Блэкіа илъэсым псэупІэхэмкІэ сертификатхэр ираташ унагъэ щІэхэм ящыщу 210-м. Аэр ноказ 7-м къриубыдэу къагъэсэбэн дизнюкІ. Сабий зеиншэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыныкІэ КъБР-м и къэрал властым и уполномоченнэ гъэзэщІакІуэ органу гъэувар республикэм Хуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэщ. А полномочиехэм япкъ иткІэ 2013 - 2015 гъэхэм кьриубыдэу псэупІэу 198-рэ къащэхуащ, абыхэм ящыщу 192-р сабий зеиншэхэм хухахащ. Сабий зеиншэхэм ящыщу 182-м псэупІэ фонд хэхам щыщ щІэсыну зэрыраТыкІэ зэгурыІуэныгъэхэр ящащылІащ, адрейхэр щыІэ хабзэхэм тету зыхухахахэм ирагъэбыдыпІащ. ПсэупІэу 6-м я документхэр ягъэхьэзыр къэрал мылькым хиубыдэ ухуэныгъэхэм я реестрым иритхэну Росреестрым иратын папщІэ.

Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьам и къуэдзэ Тонконог Анатолий зэрыжиІамкІэ, псэупІэм пыщІа къалэнхэр гъэзэщІакІэмкІэ иджыпсту къэув гугъуэхь нэхъыщхьэр социальнэ псэупІэхэр зэрахуримыкъурщ. «Нэхъ хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэм ящыщу зи чэзум пэпІэхэм папщІэ иужьрей илъэси 10-м кьриубыдэу къалэм зы уни кьыщрагъжьакъым. Апхуэдэу щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхэкІыу я псэупІэхэм кьыщІагъэпэпхуэкІэр пІалъэкІэ зыщІэтІысхьэн унэхэр щІыкІэхьм», - жиІащ абы.

Тонконог Анатолий кьызэриІуатэмкІэ, щІыхуэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыныкІэ къалэнхэр зыкъомкІэ дигъэкІынут общежитхэм щІыпсэухэр гъэІэпхъуэныкІэ программэр гъэзэщІэным. Къалэм дэт общежитхэм щІэсхэр псэупІэ унэщІэхэр зэрахуэм тещІыхьауэ къыщІагъэІэпхъуэкІ икІи ахэр щІыпсэуа общежитхэр реконструкцІ ящІ. Ауэ мы программэр кьыщІэхэр блэкІа зэманым кьриубыдэу ягъэІэпхъуэр общежитку щым - Мусэм и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №18-м, Къалмыкъым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №241-м, Кадыровым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №13-м - щІэсахэрщ. Мыгувэу ягъэІэпхъуэну я мурадщ Кадыровым и уэрамым тет унэ №15 «б»-м щыпсэуэхэр.

- ПсэупІэм и лъэныкъуэкІэ цІыхухэр зыхэт гугъуэехьэр кьызэзэкІыныкІэ сэбэп хъунт ипотекэ кредитхэр щхьэщтыкІыщхуэ щымыІэу хухахыу щІадзэжкамэ. Льготэ зиІэхэм апхуэдэ кредитхэм щхьэщтыкІ ахъшэм щыщ Іыхьэр республикэ бюджетым и хьэрэкъкІэ хуапшын, апхуэдэу фэтэрым и уасэм щыщ Іыхьэр ахэр езыгъэщІэжм ят, - къигъэльэгъуащ Тонконог Анатолий.

Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьам и къуэдзэ Кочергин Дмитрий зэрыжиІамкІэ, иджыпсту къалэм кьыпэщыт къалэм нэхъыщхьэм ящыщу псэупІэ унэхэм ящыщу нэгъуэщІ мурадхэмкІэ къагъэсэбэпхэр кьыхэтхыкІыныкрэ ахэр кьІэныхьжьныкрэ. Апхуэдэу хуит къащІыжа фэтэрхэр зи чэзум пэпІэ цІыхухэм ират е муниципальнэ псэупІэ фонд хэхам и реестрым хагъэхъэ. Апхуэдэу иджыпсту къалэм псэупІэ куэди щаухуэ. Иджыблагъэ «Агростройсервис» жэуап зэкъэгъащхьэхуІа зыхь зэгугъэныгъэр хуит ящІащ фэтэр 24-рэ хъу унэр кьригъэжьэну. Абы папщІэ зыхуей документхэр хьэзыр ящІащ. Ауэ абдежи кьыщыныкъуэщІу, Іуэхущапхэм унэм нэхъри зригъэубгъунурэ, фэтэр 32-м нитІэсыну. Зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр иджыпсту проектым халъхъэ. КьызэрагъэльэтэмкІэ, мы унэм хиубыдэ дэтхэнэ зы метр зэбгъуэзнатІэри сом мин 22,5-рэ нэхърэ мынэхъ лъапІэу щытыныщ.

Зэман благъэм кьриубыдэу унэр кьыщрагъэжьа щІыпІэм хьэблэшхуэу зрагъэубгъуу, фэтэр 314 - 380-рэ хъу унэ зыбжанэ щаухуэну я мурадщ. Ар зыкуэзэнур кьалэм и кьухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ, Остапенко и цІэр зезыхьэ уэрамырщ. Ухуэныгъэм хэлэжьыхьынущ «Кавказ кабель» акционер зэгугъэныгъэ зэхуащІари.

Депутатхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ зи уасэкІэ нэхъ езэгъыбагъуу щыт унэхэр, социальнэ псэупІэхэр щІыным, ухуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІкІэ планхэмрэ схемэхэмрэ щытекІ къызэрыхъум, нэгъуэщІхэмри.

ЗэІущІэм щыжаІахэм япкъ иткІэ КъБР-м и Правительствэм хуэгъэза чэнджэщ пыухыкІахэр зэхалъхьащ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.***

**● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр**

**Адыгэ зауэлІ.**
*Сурэтыр* **Орловский Александр** *ищІащ. 1830 гъэ*

# ФщІэн папщІэ

**● Пенсэ фонд**

**УФ-м и Пенсэ фондым страховой пенсэхэр зрат пенсионерхэу 2015 гъэм фокІадэм и 30-м лажьэн щызыгъэтахэм чэнджэщ ярет мазаем и индексацэр хыхьэу страховой пенсэр къаІэрыхьэнущ папщІэ лъэІу тхылъ ятхыну.**

## Пенсионер лажьэхэм страховой пенсэр къаІэрыхьэнущ индексацэр хэмыхьэу

- Пенсэм теухуа хабзэм игъэута зэхъуэкІныгъэхэм кьыхэкІыу 2016 гъэм лажьэ пенсионерхэм страховой пенсэмрэ хуагъэувауэ иратымрэ яІэрыхьэнущ индексацэхэр хэмыту, - къет УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыІэм.

Мазаем зи страховой пенсэхэм хэхъуэнур 2015 гъэм фокІадэм и 30-м и пэ къикуэу лажьэн щызыгъэта пенсионерхэрщ.

Пенсионерыр езым и щхьэкІэ лажьэгъэкІэ зыкъызэзыгъэпэщажьэм (хьэрычэтыщІэ, нотариус, уэчыл, н.) хиубыдэмэ, ари лажьэу кьалъытэнущ, 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м ехьулІэу ПФР-м и учетым щытамэ.

## Мазихым къриубыдэу

Пенсионерым кьызэдэкІа илъэсым и еплІанэ мазищымрэ дызыхьыха гъэм и япэ мазищымрэ (2015 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ 2016 гъэм гъатхэпэм и 31-м пщІондэ) кьриубыдэу лажьэн щигъэтамэ, Пенсэ фондым хьыбар яригъэщІэн хуейщ икІиабыи илъэІуми хэпльэнурэ кьыхІэлъыкІуэ мазэм щыщІэдзауэ страховой пенсэр индексацэр щІыгъуу кьыІэрыхьэнущ.

Пенсионерыр аргуэру лажьэпІэ увыжми, абы и страховой пенсэм хэщІыжьынукъым.

Зыхуэфащэ дэфтэрхэр щІыгъуу Іыхьэ тхылъыр (езым ихьми, зыгуэрым иригъэхьми, пощткІэ иутІыщми) цІыхум и хьэнущ 2016 гъэм нахьыгъэм и 30 пщІондэ. ЛъэІу тхылъым и бланкыр, ар зэрыбгъэхьэзырыну хабзэр ПФР-м и сайтым и «Жизненные ситуации» Іыхьэм кьыщыІэгъэтынущ.

## Хэт зыхущІагъунур?

Пенсионер мылажьэхэм я страховой пенсэхэм мазаем процентыи 4 хущІагъунущ. Апхуэдэуи мазэ кьэ иратахъшэм процентыи 6,4-кІэ хэхъуэнущ, пенсионерыр лажьэ-мылажьэм емыльытауэ.

2015 гъэм лэжьа пенсионерхэм мы гъэм и щыщхьэуІум я страховой пенсэхэм хущІагъунущ. 2015 гъэм хуагъэува пенсэ баллхэм ятещІыхьауэ (ахъшэкІэ кьапщтэмэ, пенсэ баллищым щхьэдэмыхьу).

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

**● Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ Іэнатіэм и щыналъэ Іуэхущапіэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм къет**

# 2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иІа социально-экономикэ щытыкІэр

| | 2015 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм | 2015 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм проценткІэ | 2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм проценткІэ |
|---|---|---|---|
| Промышленностым и лэжьыгъэр | - | 106,2 | 110,3 |
| Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр, сом мелуан | 26476,6 | 108,3 | 100,3 |
| Автомобиль транспорткІэ хьэлъэу ягъэзэпхъуар, тонн-километр мелуан | 44,9 | 119,1 | 90,8 |
| Связым и Іуэхутхьэбзэхэр, сом мелуан | 3307,9 | 100,8 | 94,1 |
| Розницэ сатур, сом мелуан | 78956,1 | 97,4 | 104,0 |
| ЦІыхухэм пщІэкІэ Іуэхутхьэбзэу хуащІар, сом мелуан | 18719,8 | 100,3 | 105,8 |
| «Хуэныгъэ» лэжьыгъэ лІэужьыгъуэкІэ зэфІагъэкІар, сом мелуан | 6104,9 | 114,6 | 128,5 |
| ПсэупІэ унэу хьэзыр ящІар, метр зэбгъузэнатІэ мин | 234,6 | 118,6 | 109,1 |
| ЩІхуэкІуэ уасэхэр зэрыхъуар, процент | - | 116,2 | 106,5 |
| Промышленностым и товархэр кьыщІэзыгъэкІэхэм ягъэувэ уасэхэр, процент | - | 116,7 | 101,3 |
| ИпэжьыпІэкІэ кьыщІэкІым тещІыхьауэ ахъшэ хэхъуэр | - | 98,6 | 101,6 |
| Ику иту зы лэжьакІуэм хуатха мазэ лэжьапІэр (хьэрычэт Іуэху мыин зезыхьэ Іэнатіэхэри хэту): | - | - | - |
| номинальнэу, сом | 20321,0 | 105,6 | 108,2 |
| ипэжьыпІэкІэ кьыщІэкІым тещІыхьауэ | | 90,9 | 101,7 |
| Лъэхъэнэм и кІэм ирихьэлІэу лэжьапІэ ямыІэу официальнэу ятхахэм я бжыгъэр, цІыху мин 2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм | 8,0 | 99,7 | 94,8 |

2015 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрстатым **СтатистикэмкІэ и регистрым** организацэу, абыхэм я филиалу е я Іэнатіэ пыгъэщхьэхукІаУэ 12643-рэ ятащ.

Статистикэ регистрым ит организацэхэм я зэхуэдитІым щІигъур опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэпшпхэр, цІыхум езым и щхьэкІэ кьиригъэсэбэп Іэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщыж Іэнатіэм, сырьем елэжь Іэнатіэм, мэкъумэш хозяйствэм, щакІуэ Іуэхум, мэз хозяйствэм я Іэнатіэхэм, ухуэныгъэм щыІащ.

Хозяйствэ зезыхьэ субъектэ 9533-р (учетым ита псоми я процент 75,4-р) унейщ.

2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм промышленностым и продукцэр 2014 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 106,2-рэ мэхъу.

**Промышленностым и зэфІэкІым** щІыхэхъуам и щхьэусыгъуэр сырьем елэжь Іэнатіэм хиубыдэ предприятхэм кьыщІагъэкІ продукцэр процент 12,6-кІэ нэхъыбэ зэрыхъуарщ, хьугъуэфІыгъуэу щІым кьыщІахьым процент 17-кІэ зэрыхэхъуарщ.

Сырьем елэжь Іэнатіэхэм ящыщу 2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм кьыщІагъэкІ продукцэм нэхъ нэрылъагъуу щыхэхъуахэм ящыщщ ерыскъыпхъэхэр, абыхэм псы зэмылІэужьыгъуэхэмрэ тутынымрэ хэту, кьыщІэзыгъэкІ Іэнатіэр (хуэдэ 1,6-кІэ). Продукцэ нэхъыбэ апхуэдэу ягъэхьэзыращ целлюлозэ-тхылъымкІэ предприятхэм, тхылъхэр тезыдзэхэмрэ полиграфием и продукцэ кьыщІэзыгъэкІэхэмрэ (процент 11,5-кІэ), химическэ производствэм (процент 4,5-кІэ), пхъэм елэжь, пхъэм кьыхэщІыкІа продукцэ зыгъэхьэзырхэм (процент 6,5-кІэ), машинэхэмрэ оборудованэмрэ кьыщІэзыгъэкІэм (процент 38,4-кІэ).

Абы кьыщІэкІуэу нэрылъагъуу кІэрыхуащ фэуэ, фэм кьыхэщІыкІа продукцэу, вакъэу ящым, щыдагъэхэкІхэм (хуэдэ 3,1-кІэ). Хьэфэ, пластмассэ пкъыгъуэхэр (процент 24,9-кІэ), металлургиемрэ металлым кьыхэщІыкІа хьэпшпхэ хьэзырхэмрэ (процент 28,5-кІэ), транспортымрэ оборудованэмрэ (процент 1,9-кІэ), унэльащІэхэр (процент 16-кІэ) нэхъ мащІэ хъуащ.

2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм елъытауэ 2015 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм кІэрыхуащ электрокъарууэ (процент 17,1-кІэ), хуабэ энергиеу (процент 6,6-кІэ) кьалэжьым.

2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм **«ухуэныгъэ» Іэнатіэм** ехьэлІауэ сом мелярди 6,1-рэ и уасэ е абы япэ ита гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 114,6-рэ ирагъэкІуащ.

2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм уней ухуэныгъэхэм хэту псэупІэу **метр зэбгъузэнатІэ мин 234,6-рэ кьикІыу фэтэр 1653-рэ хьэзыр ящІащ**. 2014 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ ар метр зэбгъузэнатІэ мин 36,7-кІэ е процент 18,6-кІэ нэхъыбэщ. Кредитхэр кьагъэсэбэпурэ, цІыхухэм езыхэм я ахъшэкІэ псэупІэ метр зэбгъузэнатІэ мини 223,3-рэ яухуащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 30,8-кІэ нэхъыбэщ. ИрагъэкІуэкІа ухуэныгъэ псоми я процент 84,8-р унагъуэхэм езыхэм я мылъкукІэ ящІащ.

Кьуажэхэм псэупІэу метр зэбгъузэнатІэ мин 40,2-рэ, республикэм щащІа псэупІэ псоми я процент 17,1-р, щахуащ.

ПсэупІэ унэхэр хьэзыр щамышІа муниципалнэ щІыналъэхэм яхэтхьэм. 2014 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм елъытауэ псэупІэхэр щІыныр щыщІагъэхуэбжьащ Налшык къалэ округым, Прохладнэ, Шэджэм, Шэрэдж, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районхэм.

**Мэкъумэш продукцэ** кьэзыІэжь псоми (мэкъумэш организацэхэм, мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэм, хьэрычэтыщІэхэм, унагъуэхэм) 2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм мэкъумэшхэкІэмрэ Іухьжьын яухащ. Нартыху ГъавапІэхъэр, сэхураныр, кІэртІофыр, хадзэхэкІэр зэщІакъуэж. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм ІэкъэритамкІэ, 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м ирихьэлІэу гъавэу (нартыхур хэмыту) тонн мин 213,4-рэ, нартыху гъэпэлъэныу тонн мин 545,9-рэ, сэхуранэ тонн мин 23,9-рэ кьрахьэлІащ, апхуэдэу хадзэхэкІыу тонн мин 335,4-рэ, кІэртІофу тонн мин 233,6-рэ зэщІакъуэжащ.

2015 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу хозяйствэ лІэужьыгъуэ псоми быныму мин 267,3-рэ (2014 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу мин 270,1-рэ яІащ), абыхэм ящыщу жэму мини 132,4-рэ (мини 132,1-рэ), кхъуэуэ мин 41,3-рэ (мин 45,7-рэ), мэлрэ бжэну мин 364,6-рэ (мин 364,4-рэ), яІащ. Уней ГъапІэхэм быныМ псоми я процент 70,6-р, абыхэм ящыщу жэмхэм я процент 71,1-р, кхъуэм и процентыи 7,7-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 56,2-р щаІыгъщ .

Республикэм и мэкъумэш Іуэхущапіэ псоми лы папщІэу Іэщрэ джэдкъащэу ягъэшхащ (зэрыпсэууэ щэчаеу) тонн мин 72,7-рэ (2014 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм елъытауэ процентыи 112,9-рэ), гъэшу тонн мин 334-рэ (процентыи 102,1-рэ) кьашащ, джэдыкІэу мелуани 148,3-рэ (процентыи 102,7-рэ) кьрахащ. Уней ГъапІэхэм быныМ процент 34,2-р, гъэшым и процент 70,2-р, джэдыкІэм и процент 80,5-р, мэкъумэшышІэ (фермер) хозяйствэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ лым и процент 27,8-р, гъэшым и процент 16,7-р, джэдыкІэм и процент 0,3-р кьалэжьащ.

Мэкъумэш организацэхэм зы жэмым хуэзэу икУ иту шэ килограмм 3483-рэ кьыщІашащ, 2014 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм кьашауэ щыта килограмм 3447-м и пІэкІэ, джэд къэджэдыкІэу икУ иту 176-рэ кьыщІахащ (2014 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм - 162-рэ). Лы папщІэу ягъашхэ быныМым дэтхэнэми икУ иту я зэманым и хьэлъагъэм махуэ кьэс граммэ 335-рэ (процент 5,2-кІэ нэхъ мащІэ), кхъуэм граммэ 506-рэ (процент 0,9-кІэ нэхъ мащІэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ граммэ 12 (процент 3,4-кІэ нэхъыбэ) зытралъхьащ.

2015 гъэм жэпуэгъуэм и пэщІэдзэм ирихьэлІэу Іэщыр мэкъумылэрэ Іусыпхъэкіэ кьызэрызэгъэпэщар абы япэ ита илъэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 1,1-кІэ нэхъыбІу щытащ. Зы Іэщым тещІыхьауэ Іусыпхъэ центнер 11,3-рэ яІащ, блэкІа илъэсым яІа центнери 10-м и пІэкІэ.

2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и **хьэлъэзешэ автомобиль транспортым** хьэлъэу илъэІуэ гъэІэпхъуар тонн зы мелуан хъуэ аращ, ар 2014 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 1,8-кІэ нэхъ мащІэщ. Километр бжыгъэм тещІыхьауэ хьэлъэу псори зэхэту кьрашэкІар процент 19,4-кІэ нэхъыбэ хъуащ икІи тонн-километр мелуан 44,9 -м нэсащ.

Илъэсым кьриубыдэу транспорт предприятэ псоми **кьрашэкІащ щІыху мелуан 40,7-рэ**, ар 2014 гъэм и япэ мазэгъэм елъытауэ процент 11,7-кІэ нэхъыбащ. Псоми къагъэсэбэп автомобиль транспортым и зэфІэкІыр процентыи 5,7-кІэ хэхъуащ икІи пассажир - километр мелуан 456,7-м нэсащ.

КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м кьызэритамкІэ, автомобиль гъэугъэхэм, жылагъуэхэм я уэрамхэм автотранспортым пыщІа щІэщхьэуу 2015 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм 499-рэ кьыщІэхуащ, абыхэм щыхуу 699-м фэбжьхэр щагъуэтащ. 2014 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ гъэугъуэм кьыщыхьуа щІэщхьуэхэр процентыи 5,4-кІэ, абыхэм фабжь щызыгъуэтхэр процентыи 10,5-кІэ, хэкІуэдахэр процент 15,8-кІэ нэхъ мащІэщ.

2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм республикэм и щэхуакІуэ рынокым щащІа **розницэ сатур** 2014 гъэм и япэ мазибгъум елъытауэ процентыи 2,6-кІэ нэхъ мащІэщ икІи псори зэхэту сом мелярд, 79-рэ и уасэщ. Ар кьыхьыжьакІар ерыскъыпхъэхэри хьэпшпхэри нэхъ лъапІэ зэрыхъурщ, кьыщІэкІым тещІыхьауэ щІыхуэхэм кьаІэрыхьэ хэхъуэм зэрыкІэрыхъурщ.

ЕрыскъыхэкІыу, фадэрэ псыуэ, тутыну щІыхуэхэм иращащ сом мелярд 38,8-рэ и уасэ (нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ процентыи 100,9-рэ), ерыскъыпхъэхэм щымыщІ товару сом мелярд 40,2-рэ и уасэ (процент 94,3-рэ). Зы щІыхуэм тещІыхьауэ розницэ сатур 2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм икІу иту мазэм сом 10206-рэ мэхъу (2014 гъэм и япэ мазибгъум - сом 8796-рэ).

**ПщІэ зыщІат Іуэхутхьэбзэу** республикэм и щІыхуэхэм 2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм сом мелярд 18,7-рэ и уасэ хуащІащ, 2014 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ ар процентыи 100,3-рэ мэхъу, Іуэхутхьэбзэхэм я уасэм процентыи 6,3-кІэ хэхъуа пэтми.

ПщІэкІэ щІыхуэхэм хуащІа Іуэхутхьэбзэхэм ящыщу связым и Іуэхутхьэбзэхэр процент 21-рэ, коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр процент 27,4-рэ хъуэу щытащ. Зы щІыхуэм хуэзэу икУ иту мазэм сом 2420-рэ и уасэ Іуэхутхьэбзэ хуащІащ, (2014 гъэм и япэ мазибгъум кьриубыдэу сом 2285-рэщ).

2014 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм елъытауэ 2015 гъэм и фокІадэм **щэхуакІуэ уасэхэр** процентыи 112,7-рэ, абы щыщу ерыскъыпхъэхэм я уасэр процентыи 110,7-рэ, ерыскъыпхъэу щымыт хьэпшпхэм я уасэр процентыи 115,8-рэ, Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр процентыи 111,2-рэ хъуащ.

Илъэсым и пэщІэдзэм щегъэжьауэ **ерыскъуэхІэхэм я уасэм** зэрыхэхъуар нэхъыбэу кьыщыхьэкІар хадзэхэкІэр, абыхэм кІэртІофри хэту, я уасэр процент 27-кІэ нэхъ лъапІэ зэрыхъурщ. ЗэрыщІэту кьапщтэмэ, хадзэхэкІэр процентыи 15-кІэ (я уасэм нэхъ хэхъуащ пхъым - хуэдэ 2,3-кІэ, жагундэм - процент 71-кІэ, бжьыщыщхьэм - процент 52,8-кІэ), пхъэщхьэмыщхьэмрэ цитрус ерыскъыгъэхэмрэ процент 36,1-кІэ (нэрылъагъуу нэхъ лъапІэ хъуащ лимоным - процент 63,2-кІэ, мыІэрысэм - процент 55,8-кІэ, жьыуэм - процент 45,2-кІэ, дзм - процент 40,9-кІэ) я уасэр хэхъуащ. Абыхэм кьадэкІуэу я уасэхэм хэхъуащ бурышм - процент 48,9-кІэ, аргъей лІэужьыгъуэхэм хиубыдэ бдзэжьеймрэ процент 33,3-кІэ, маргариным - процент 28,3-кІэ, шеймрэ кофемрэ - процент 22,8-кІэ, кьупщхь зыхэмылъ бдзэжьеиил ГъэщтАм - процент 25,7-кІэ, сэхуран дагъэм - процент 21,1-кІэ. Гъавэ ерыскъыпхъэхэм ящыщу нэхъ лъапІэ хъуахэм ящыщщ макаронхэр - процент 20,9-кІэ, джэш зэмылІэужьыгъуэхэм хиубыдэу горохымрэ джэшымрэ - процент 24,8-кІэ, прунж зэкъэбзар - процент 17,4-кІэ.

**Ерыскъыпхъэхэм ящымыщ хьэпшпхэр** кьапщтэмэ, нэхъ лъапІэ хъуахэм хеубыдэ дыщэхэкІэр - процент 56,3-кІэ, парфюмер-косметикэ хьэпшпхэр - процент 28,7-кІэ, зэрытхэ, зэреджэ, канцелярскэ хьэпшпхэр - процент 23,1-кІэ, тхылъымпІэ зэмылІэужьыгъуэхэр - процент 22,2-кІэ, хущхъуэхэр - процент 21,5-кІэ, зэрыжьыщІэ, зэрытхьащІэ Іэмэпсымэхэр - процент 21,4-кІэ, шылэм кьыхьыжьакІа щэкІхэр - процент 21,3-кІэ, сабийхэр зэрыдджэгу Іэмэпсымэхэр - процент 20,4-кІэ, Іуэхутхьэпіэ ипхъуэхэр - процент 18-кІэ, зи школ кІуэгъэхэм папщІэ щыгъынхэр - процент 16,7-кІэ.

**ЦІыхуэхм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм** ящыщу 2015 гъэм и щІышылэ - мэкъуауэгъуэ мазэхэм куэдкІэ нэхъ лъапІэ хъуащ нэчыхьыр якъутэжьын папщІэ суд пащхьэм щыхьэкІэ юристым лъэІу тхылъ егъэтхыныр - хуэди 2,8-кІэ, унагъуэ Іуэхухэм теухуауэ юристым и чэнджэщхэр - процент 85,6-кІэ, ЗАГС-м и органхэм гербкІэ щІэгъэбыда я тхылъхэр кьытегъэзэжауэ кьеІыхьныр - процент 75-кІэ, псэупІэ унэхэр зехьэным хиубыдэ ремонт лэжьыгъэу зэгугъэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм ирагъэкІуэкІхэр - процент 57,7-кІэ, потребительскэ кредитхэр къэгъэсэбэпыным проценткІэ щхьэщтыкІыр - процент 31,6-кІэ, автомобиль псынщІэхэр страховани хагъэхьэн папщІэ илъэсым ят уасэр - процент 48,7-кІэ, псэупІэ унэхэр зехьэныгъэ зэгъэпэщыжьынымрэ - процент 31-кІэ.

Абыхэм кьадэкІуэу гъуэгуанэ жьыжь зэпызыч мафІэгуэхэм я тарифхэр процентыи 7,7-кІэ, газ ткІуаткІуэм и уасэр процентыи 6,8-кІэ, зы пэш хъу фэгъэнэ бэдэнэду зэратым пкъыгъэр процентыи 2,9-кІэ ягъэмэщІащ.

ЦІыхуэр псэуп папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу **зыхуей ерыскъыпхъэхэм я уасэр** 2015 гъэм и фокІадэ мазэм и кІэухым ирихьэлІэу икУ иту КъБР-м сом 3120,3-рэ щыхъуащ. 2015 гъэм и щыщхьэуІу мазэм елъытауэ абы процент 0,6-кІэ, 2014 гъэм и дыгъэгъазэм елъытауэ процентыи 4,4-кІэ хэхъуащ.

2015 гъэм и щыщхьэуІу мазэм и кІэухым ирихьэлІэу республикэм и организацэхэм (хьэрычэт Іуэхущапіэ мыинкэр, банкэр, страховой Іуэхущапіэхэр, бюджет Іуэхущапіэхэр хэмыту) **къалэн зыщащІыжахэмкІэ щІыхуэу ятелъар** сом меларди 9,9-рэ е щІыхуэ псоми я процент 19,6-рэ хъуэу щытащ. Зи пшыныжьыгъуэ пІалъэр икІа щІыхуэ псоми ящыщу нэхъыбэ дыдэ хъуэу щытар кредитор щІыхуэрщ (процент 86,3-рэ).

Зи пшыныжьыгъуэ пІалъэр икІа **кредитор щІыхуэу** 2015 гъэм и щыщхьэуІу мазэм и кІэухым сом меларди 8,5-рэ щащІащ. Зи пшыныжьыгъуэ пІалъэр икІа кредитор щІыхуэ псоми я процент 60,7-р электрокъарур, газыр, псыр кьалэжьынымрэ тегуэшэнымрэ кьызэзыгъэпэщ предприятхэм ятелъа щІыхуэрщ.

Зи пшыныжьыгъуэ пІалъэр икІа **дебитор щІыхуэу** 2015 гъэм и щыщхьэуІу мазэм и кІэм ирихьэлІэу сом меларди 6,9-рэ щащІащ. Зи пшыныжьыгъуэ пІалъэр икІа дебитор щІыхуэм и процент 77,1-р хурагъаща товархэм, хуащІа лэжьыгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэу щэхуакІуэхэм кьрамытыжьахэрщ.

**ИпэжьыпІэкІэ щІыхуэхэм къаІэрыхьэ ахъшэ хэхъуэр** (фІэкІыпІэ зимыІэ платежэхэр хэгъэкІуэу икІи хьэпшпхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я щэхуакІуэ уасэхэм зэрызахъуэжар къэлъытауэ) 2014 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм елъытауэ 2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм процент 1,4 икІи ику иту зы щІыхуэм хуэзэу сом 17226,9-рэ хъуэу кьабжащ.

**Ику иту мазэм зы щІыхуэм хуатха номинальнэ улахуэр** (хьэрычэт Іэнатіэ мыинми и Іуэхущапіэхэри хэту) 2015 гъэм и щІышылэ - шыщхьэуІу мазэхэм социальнэ ахъшэр хэмыту сом 20321-рэ хъуащ икІи 2014 гъэм зыхуэфащэ и лъахъэнэм елъытауэ процентыи 5,6-кІэ хэхъуащ. ИпэжьыпІэкІэ кьыщІэкІым тещІыхьауэ щІыхуэхэм кьаІэрыхьэ лэжьапІщІэм процентыи 9,1-рэ кІэрыхуащ.

2015 гъэм и щІышылэ - шыщхьэуІу мазэхэм финанс лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІ организацэхэм лэжьапщІэр щынэхъ лъагэ дыдэу, хьэщІэщхэмрэ ресторанхэмрэ я лэжьакІуэхэм я лэжьапщІэр нэхъ мащІэ дыдэу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхуэр лэжьапІэкІэ кьызэзыгъэпэщ и органхэм 2015 гъэм и фокІадэ мазэм и кІэухым ирихьэлІэу **лэжьапІэ ямыІэу** официальнэу щІыху мини 8 щытхащ. ЗэрылэжьапІэншэм кьыхэкІыу ахъшэ кьратыну хуитыныгъэ яІащ щІыху мини 6,7-м.

КъБР-м ЦІыхуэр лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэщыныкІэ и къэрал комитетым и органхэм 2015 гъэм и фокІадэ мазэм ящриубыдэу щІыху лэжьапІэншэу 153-м зыкъыхуагъэзащ, лэжьапІэ кьатуэтыныкІэ ядэІэпкъыну кьэлъаІуэу. Абыхэм ящыщу щІыху 374-м лэжьапІэ (хуэмурэ кьызыпахын Іэнатіэ) кьагъуэтащ. Ар 2014 гъэм и фокІадэм елъытауэ процентыи 4,3-кІэ нэхъ мащІэщ.

Роспотребнадзорым и щІыналъэ управленэу КъБР-м щыІэм кьызэриТамкІэ, 2014 гъэм елъытауэ 2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм республикэм щыІэ **эпидемиологие щытыкІэм** и нагъыщІэ нэхъыщхьэу щытащ гриппэ зэуэлІаХэр хуэди 3,8-кІэ, тэмакъ уэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэуэлІаХэр хуэдэ 1,6-кІэ нэхъыбэ зэрыхъуар. Абыхэм кьадэкІуэу скарлатинэр хуэди 2,3-кІэ, кІэтІий уэ зэмылІэужьыгъуэхэр процентыи 6,5-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Псори зэхэту 2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм цІыху мин 78,7-рэ сымаджэ хъуащ. Ар 2014 гъэм елъытауэ зырэ нэкъуэкІэ нэхъыбэщ.

**КъБР-м щыІэ МВД-м кьызэритамкІэ**, 2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм хабзэншагъэ 6838-рэ кьэхъуауэ ятхащ (2014 гъэм - 6218-рэ). Абыхэм ящыщу процент 25,8-р щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэрщ, хьэлъэ дыдэхэрщ. 2014 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм елъытауэ щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэр процент 1,9-кІэ, щІэпхъаджагъэ хьэлъэ дыдэхэр процент 16,1-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

2015 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэ

Экономикэ Политикэ

# Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Джэрпэджэж

## Куба и бын хъуахэр

**«Комсомольская правда» газетым къытхыжауэ «Махэку» напэкІуэцІым къытеддзауэ щыта «ЦІыхугъэ нэсым и пщалъэ» тхыгъэр теухуат блокадэ зращыІа Ленинград 1942 гъэм къраша сабийхэр Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Хьэбзэ районым щыщ Бесльэней къуажэм щыпсэухэм къызэрыраГэлъам. Еджакэм ящІэжри, абы къытедгъэзэжкІыкъым, кІыхьэдгъэщІын къудейщ апхуэдэ дыдэ е ещхь Іуэхугъуэ ди республикэм и Куба къуажэмы къызэрыщыхъуар.**

Мэлбахъуэ Хъадыжэ

### Хэтыт япэу зигу къэІар?

Сэ сыщыкІуаззт Хэку зауэшхуэм и зэманым нэмыцэхэм яубыда щыналъхэм къраша сабийхэр ди къуажэм щыщ унагъуэ зыкъомым зрашалІэу бын ящІауэ зэрыщытам. Езыхэм я нэхъыбэрэ мыІейуэ сцІыхурт. Арщхьэкіэ сатетхыхьын сытегушхэрэтэкъым. И щхьэусыгъуэрэ зы закъуэт: я гуапэ хъуну ар абыхэм ягу къэбгъэкІыжыныр? Куздым ямыщІэхэнкІэ хъунут кхъыу зэрапІар. Езыхэр хьэл-щэнкІи хабзэкІи адыгэ дыдэу дунейм тетщ. Иджы куэд псэужкъым, ауэ къэнахэми ящІэу къыщІэкІащ я къекІуэкІыкІар. Аращи, мыбы бзыщІым хуей хэлъыжкъым. Фіыуэ сльагъу си гъунэгъу нанэ Мэлбахъуэ (Къардэн) Хъадыжэ къеІуэтэж.

- Зауэм щыщІидзам сэ сыхьыджэбз тыкъыр щыкІут. Ди адэ-анэ Быларэ Хурэрэ пхъуибл дралэт. Хьыбар къэІуащ Балъкъ и адрей Іуфэмкіэ къыщыс Марьинскэ станицэм бийм иубыда Украинэм ХърашуІ сабий гупышхуэ къашауэ. «Фыкіуи, къафшэ зы щІалэІ» - унафэ къытхуищІащ ди адэм. Си анэмрэ сэрэ мыгувэу дынэсащ жыхуаІа щІыпІэм. Арщхьэкіэ занщІэу къыдатакъым: зэрытхуэпІынымкІэ тхьилъ къуажэ Советым къеІытхыну къытхуагъэуващ. Дыкъэкіуэжу щыдгъэзэжам дэ къыптпэлъэрт къаша сабийхэм я Іуэхухэр зезыхуэ щІалэщІэ. «Сэ кхыфхуэзгъуэтащ фэ къуэ фхуэхъун», - жиІэри щІалэ сырыху цІыкІум еджащ:

- Мишэ, къажэ, уи Іыхьлыхэр хъсащ!

АфІэкІа хэмылъу къыщыльэтри, кхыдбгъэдэлъэдащ адрейхэм япэІэщІэу щыс сабийр. ЗанщІэу ди анэм зыкъыкІэрэиубгъуат... Си Іэпплэм илъу лъэс лъэмыжымкІэ Балъкъ дыкъыззэпрыкІожащ.

Зэшыпхъуэхэм дэлъку къытхуэхъуар Воробьев Михаилт. Мухьэмэд фІэтщащ. Хуабжьу сабий зэпІэзэрыпт, Іэпкльэпкъ жант. Ар апхуэдизкІэ псынщІэу къытхэсыхьати, умыгъэщІэгъуэн плъэкІыртэкъым. Мис апхуэдэу гъащІэ Іэпэгъу тхуэхъуащ.

Хъадыжэ и псалъэхэр си дежкІэ тельыджэт икіи сызыпэмыплъат. Иджыри къэс сщІатэкъым Къардэн Мухьэмэдиі къахьу яПІахэм ящыщу.

Дыщыщыкіум псори дызэхъуапсэу, псоми фІыуэ тпъагъуэ щыта Къардэн Мухьэмэд Воробьев Михаилри? Хабзэрэ нэмысышхуэрэ зыхэль а щІалэ щхьэпэлъагэр армэм къикІыжат боксымкІэ япэ разрядэ иІэу. Ди къуажэ футбол командэм и джэгуакІуэ нэхъ Іэзэ дыдэхэм ящыщт. Налшык и «Александровка» хьэблэм Іэпхъуа ижъ зи унагъуэ мызэ-мытІэу сихьа Мухьэмэд зэрысырыхум сыщегупсысар иджыт. Ауэ сложь-тІэ сырыхумэ? Адыгэхэм щхьэц сырыхуи, уеблэмэ, пльыжьи къахокІ...



Иужькіэ Къардэн Мухьэмэд хъуа Воробьев Михаил.

... Ди хадэхэр зэпылъу ди гъунэгъуэ Мэлбахъуэ Борис щхьэц фІыщІэт. И щІалэгъуэр тІэкІу быркъуэшыркъуэу ирихьэкІащ, ауэ иужькІэ зэтеувэжри, лажьэ-шхэжу и гъащІэ Іыхьэр ирихьэкІащ. Къуажэдэсхэм ар ягу къинэжащ щІыІэми хуабзэвэхми ямыгъэщхьэ, зи къалэныр хьэлэлу зыгъэзащІэ пощтэхьэу. Абы ищІэрт и къекІуэкІыкІар, ауэ къыщахьам и пэкІэ зэрихьэу щыта цІэ-унэцІэр щыгъупщэжат. Ари а зи гугъу тщІы сабий унэм къыщІахат.

- Сэ си унэцІэ дыдэр Саввченкэщ, - къызжиІауэ щытащ лэжьакІуэжьу зи гъащІэр езыхьэкІа Къаншокъуэ МуІэед. - Сэ сызэрыадыгэм зы махуи сыхущІегъуэжакъым. Сэ сщІэркъым къыспэщылъу щыта гъащІэр зыхуэдэр, ауэ зэхэзедзэну сыкъыщынэм сыкъэзыпхъуэта си адэ-анэм я псапэр мыухыжщ...

Арщхьэкіэ Марьинскэ и деж щиухакъым сабийхэр зэшэлІэным и Іуэхур.

Зэрыпхъуакіуэхэр ди щІыгум ирахужа иужь Ставрополь крайм и Аполлонская ГъущІ гъуэгу станцым (ар Балъкъ уэзпрыкІрэ Марьинскэ уфІэкІмэ, километр 18-кІэщ Куба зэрыпэжыжьэр) мафІэгу къыщыуыІащ. Абы ист бийм благъуэм хуэдэу иІыгъ Ленинград ерагъкІэ къыдаша сабийхэр. Ахэр ГъэрымыкІ дыдэ хуэхэт: уэдыкъуат, языныкъуэхэр зекІуэжьфыртэкъым. Куба ирагъэкІри абы гуиплІ ягъэкІуащ, Мэлбахъуэ Мухьэмэд я пашэу (Мукьэмэд зауэм ящытэкъым, щІыкъуэтІи).

- Къырей (аращ къэбэрдейхэр а жылэм, мы зэманым Новопавловск цІэр зезыхьэм, зэреджэу щытар - ***Щ.М.***) дынэсащ нэхущу, - къиуІэтэжат Мэлбахъуэм (псэужкъым, Тхьэм ахърэт нэху кърит!). - Дыщыкіуэм дызэгурыІуащ дахэмыдзну. Псори Алыхьым къигъэщІащ. Гуэныхьхъэ? Арщхьэкіэ, зыузмысыжьищи, нэхъ лъэбыдэхэр, нэхъыжьыуэхэр къызэдэтшэмэ, нэхъ къэтщтащ - дэ тщІэрт ди къуажэгъуэм я къарум дэхуэнэр.

Апхуэдэуи хъуащ. Сабийхэр къызэрІагъэувэжащ, зэрахуэзэфІэкІкІэ яхуэупсащ. Абыхэм ящыщ куэдыр зауэр имыухпІэ щыкІэ е иуха ижь зейхэр е я Іыхьлы гъунэгъуэхэр къакІуэри яшэжащ. Зыри къызыщІэмыупщІахэр къэнащ...

- Нэмыцэхэр къыщысам Іуэхур сыт хуэдэу къыщІидза?Ахэр хэта къуажэдэсхэм зрашэлІа сабийхэр къахутэну, яукІыну? - соупщІ сэ Хъадыжэ. Мыбдежьми си напщІэ тельыр ипэ дыдэу зи гугъу сщІа тхыгъэу мыбы лъабжьэ хуэхъуам бийхэм апхуэдэ сабийхэр къалъхьэхуэу щытауэ къыхэщырщ.

- Апхуэдэ гуэрэн зэрахуакъым нэмыцэхэми, абыхэм ящыгъуэ румынхэми. Сэ кхыхуэгугъэшІыжыжыр джэд къауКІрэ ди гъунэгъу сымаджэщым и пщэфІапІэм щагъавэу, фадэкІэ ярыщу зэрыщытахэрщ.

Мы дызытепсэлъыхьэ Іуэхум нэгъуэщІ хэлъщ, а тхыгъэм къыщыгъэпэзгъуэхэм ещхь дыдэ мыбы къыщыхъуауэ.

Хъадыжэ и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, зэрыпхъуакІуэхэр ирахужьжэ иужь, псым къызэпрыкІри къахуэкІуащ Воробьев Михаил къезытауэ щыта щІалэщІэр. И нэпсхэр къыщІэжу абы къажриІащ фашистхэр къыщыбгъэсам къэна сабийхэу мафІэгум ирагъэтІысхьэу ирашэжьахэр зэрыхэкІуэдар - ахэр зэрыса вагонхэр бомбэхэм щІыш щыщ ящІыжат. Езы щІалэр зауэм кІуэрт и ирихьэхащ. ГъащІэм Іэджэрэ зигъэкІэрэхъущ. Ауэ сыт хуэдэ зэманми щІиуфэфыркъым цІыкугъэр, напэр, гущІэгъуэр. Аращ ди гъащІэр зыгъэдахэри.

**ШАЛ Мухьэмэд.**
*Бахъсэн щІыналъэ*

*ЛДПР-м и фракцэм и хэщІапІэщ Къэрал Думэм и унэм и епщІанэ къатыр. Ягъэ щІыхьам и дежкІэ гугъущ здиунэтІынур къиГуэтыныр. Зы лъэныкъуэкІэ бгъазэмэ, Жириновскэм и къуэ, фракцэм и Іэтащхьэ Лебедев Игорь и егъэблэгъапІэ зыкъизыхьм укъыщІэхутэнущ. Абы щыщымщ. Ауэ нэгъуэщІ лъэныкъуэмкІэ Іэуэлъауэ, псалъэмакъ къыщоІу.*

- Фыкъыщыхьэ тІурыІуэрэ. Тефкъуэз. Хъуащ, фыщІэкІыж, - зэхэсхырт ЛДПР-м и вождым и макъ жьгъырур. ЕгъэблэгъапІэм Іутт балигъ ныкъуэхъу гуп.

КъызэрыщІэкІамкІэ, ныбжьыщІэхэм вождым и гъусэу сурэт зытырагъэхырт. Абы щхьэкІэ кІэлындорым парт кассэм къыхаха сом щиц-щиц къыщІратырт.

- Иджыри куэд къэна? - Жириновскэм и макъ къэІуащ, зэрешар къапщІэу.

- Си закъуэщ къэнар, - содыхьэшх. - СыноХъуэхъу Илъэсыщ Іэмкіэ!

- А-а, уэра? Къебларгъ!

### «Эрдоган Ленинымэ ещхькъым»

**- КъуэкІыпІэбзэхэмкІэ институтым «Тыркубзэмрэ литературэмрэ» и къудамэр къэзыуха уэ илъэс и пэкІэ жыпІэфынут ди къэралитІым я зэхущытыкІэхэр мыпхуэдэу къыщІидзыну?**

- Тхьдэм урипІъэкмэ, Тыркур дэ ди япэ бийц. Ар зэпымыуэу ермэлыхэм, алыджхэм, славянхэм къезэуащ. Псори зэтрауКІэну хэтащ. Ауэ, пэжу, иужь илъэси 10 - 12-м ди зэхущытыкІэхэр фІы дыдэу щытащ. Мыбдежьм си къыщыслъытакъым Эрдоган зыщІэхъуэпсхэр. Сэ си гугъэт Тыркур Кемаль (Кемаль Ататюркщ иджырей Тыркур кІыззэзгъэпэщащ - ***Ред.***) пхиша гъэгуэм тету. Сэ къысфэщыырт зэманым зыдрагъэкІуэн къудей щхьэкІэ исльамым зыдрагъэхьэхыу. Ауэ Эрдоган жыжьэ кІуэ мурад иІэу къыщІэкІащ. Абы мыпІащІэуэрэ исльам революцэ иригъэкІуэкІырт. Ауэ Эрдоган Ленинымэ ещхькъым. Пэжщ, зэзгъэщІэнуи сыхунэсакъым: Тыркум сызэрыщыІар сыхьэтитІ къудейщ. Ари къэрал Іуэхукіэ.

**- Ауэ сэ зэхэсхащ уэ Тыркур фІы дыдэу пщІыхуу. Хэбгъэзыхьмэ, абы лъэхъуэщым ущисаи жаІэ.**

- Пэжщ. Совет химзаводхэм ящыщ зы щаухуэм абы тэрмэшу сыщылэжьащ. Гъэмахуэт. Сэ, ильэс 23-рэ си ныбжь студентыр, схуэдэ щІалэхэм сепсалъэрт. Зым бгъэхэІу дамыгъэ щыкІу, адрейм щай естырт. Дэ зэпымыуэу къыткІэлъыплъырт полицэ щэхум и лэжьакІуэр. ИщІэн игъуэтырт къым. Мыгувэу пенсэм кІуэнут.

Арати, Іуэху сыкъыщІэщащ. Абы щыгъуэм Тыркум щызекІуэрт зауэм и пэкІэ Муссолини и фашист кодексым къытраупсыкІа уголовнэ кодексыр, коммунизмэр пропагандэ пщІыуэ хуит зымыщІ статья зыхэтыр. Сэ сагъэкъуэншащ совет бгъэхэІу дамыгъэ щыкІуэр стыкІэрэ СССР-мрэ коммунизмэмрэ пропагандэ сщІыуэ.

**- Икіи уэ лъэхъуэщым укъыщІэхута?**

- Дауи. Иужькіэ ягъэуващ къэралым сыкъэикІыжьыну сыхуимыту. Ауэ судым сэ зыкІи сигъэкъуэншэфакъым. Сигъэзэхуащ.

### «Ахэр хуейщ империещІэ яухуэну»

**- Владимир, тюркологыу щыт уэ къыджеІэт тыркупсэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэр мы зэманым къэтлъытэн хуейми.**

- Япэрауэ, тыркухэр Іэпхъуэшапхъуэ лъэпкъщ. Ахэр монголхэм ебгъапщэ хъунущ. ГущІэгъу жыхуаІэ ящІэркъым. НэгъуэщІ зыри хьэлу яхэлъщ - урысхэм, православнэхэм, славянхэм къатеплъэ хъуркъым. Ахуэдэ хьэл яхэлъкъым персхэм хьэрыпхэмэ. Ауэ нэхъыщхьэр Туран и идеологиергщ, тырку къэралышхуэ къызэрагъэпэщыну зэрыхуейрщ. Ахэр хущІокъу тыркубзэрыпсалъэ лъэпкъ псори - тэтэрхэр, башкирхэр, узбекхэр, къыргызыхэр, тыркумэнхэр, нэгъуэщІхэр - зэгуагъэхьэну. Ар щыІнатІэ ин дыдэщ - Хакасиер, Енисей и тафхэр, Алтай. Яхэгъэхьэж уйгурхэр, дунганхэр, Къухьэпілэ Китайр.

**- АтІэ иджы абыхэм сыт хуэдэу дахущытыну?**

- Езыхэр зэрыпхъуакІуэщ, абыхэм кьалъытэр къаурм и закъуэщ.

**- АтІэ фІэкІыпІэ имыІэу дезэуэну къыщІидзэ?**

- КъэкІуэну зэманым тепщІыхьмэ, кхыщІедз. Ар Къухьэпілэм и куэзыр щІэхуащ. Езы Къухьэпілэр зэуэну хуейкъым, ар къулейщ, щэнхабзэ льагэ зиІэщ. Ауэ Урысейр къыжьэдикъуэфын папщІэ зыгъэр къытпэщІигъэувэн хуейщ. Китайр къытпэщІувэнукъым - сыт абы Урысейр зэребгъэщІынур? Япониер къэрал цІыкІущ, жыжьэщ. Хьэрыпхэр езыхэр зэззэгъыжьыркъым. Зэуэфыну къэнэжьыр зы закъуэщ - Тыркурщ. Ар дэ пщыкІутІри къыддэзэуащ, 8-м дыщытекІуащ, адрейхэм дыщызэрытегъэкІуакъым. Абы къэкІ псори зэхэту ильэс 500-кІэ дызэбгуаз.

**- Дэ а зауэм дыхьихьэн хуей?**

- А зауэр къэдмыгъэхъун тлъэкІынущ экономикэ Іэмалкіэ. Дэ Тыркум и лэжьэгъу нэхъыщхьэу дыщытащ. Дауи, гъэшІ Катарым, щІыдагъэр Сауд Хьэрпыкъ къратырфынущ. Ауэ абыхэм ныкъуэкъуэгъуэ Иранырэ яІэщ. Ар езыр хуейщ Къухьэкіпілэ Гъунэгъым щытепщэну. Дэ нэхъ зытедгъэщІэн хуейр курдхэрщ. Ахэр Тыркум мелуан 20 щохъу. Курдхэр зэкъуэувэрэ къэрал щхьэхуэ яухуэну хуэжьэмэ, Тыркур укІуриинущ.

### «Дэ Евросоюзми НАТО-ми дыхагъэхьэнущ»

**- Уэ уигъэпІейтейркъэ ди бийхэр нэхъыбэ. ди ныбжьэгъуэхэр нэхъ мащІэ зэрыхъум?**

- Хьэуэ. Американхэми европейхэми я гупэр Урысейм къыхуагъаззэ. ИкІэм-икІэжьым Европэм къыгурыІуащ езыхэм я дежкІэ шынагъуэ нэхъыщхьэр къызыпкърыкІыр къакІуэхэр, псом япэу хьэрыпхэр зэрыаРар. Апхуэдэу Европэм къыгурыІуащ ахэр Урысейм фІэкІа нэгъуэщІым къызэримыгъэзыІэфынур. Америкэр хуейкъым Европэр фІэкІуэдыну. Иджы европейхэм Штатхэм ЖраІэ: Урысейм Іуэхухэр зэтес ищынщ е фэ фщІы.

**- НэгъуэщІу жыпІэмэ, 2016 гъэм Къухьэпілэм декІужыну?**

- Хьэуэ. Дэ зэгъуэсэ дыщыхъунур илъэсипщІхэр дэкІа иужьщ - дэ Евросоюзым, Шенген зонэм дыхагъэхьэнущ, еврэм и жьауэм дыщІэувэнущ. НАТО-р зэхуащІыжьынущ е абы зригъэбгъунущ Урысейр хэту. Урысейм и бий унэтІынигъэ щыІэжьнукъым.

### «2016 гъэр нэхъыфІу щытынущ. КІэпІейкІэ бжьгъэкІэ»

**- АтІэ, а зэманыр къэсыху дауэ дыпсэуну?**

- ДефІэкІуэнущ... Санкцэхэм я фІыгъэкІэ! Фіыуэ кьызэрытхуущытырщ ди экономикэр хьэлэч зыщІыр. Иджы япэ дыдэу Іэщэм нэхърэ нэхъыбэ мэкъумэшхэкІэу тщІэхуащ. Ди дек къыщыгтрахащ гъавэ тонн мелуанищэ. Дэ иджы аргуэру дгъэшхэфынущ дунейм мэжаІэу зэрыадэмкІэ, зэрыанэмкІэ яІэ хуитыныгъэхэми пагъэкІыфынущ. ИтІанэ нэхъ епІэщІкІыу япшыныжьыщ. Ауэ а псори щыгъэкІуэркъым зызыужьа къэралхэм. Абы нэрылъагъуу цІыхум и хуитыныгъэхэр къызэпеуд. Аращи, Къэрал Думэм и итуэуа хабзэм и тэмэмагъыр Конституцэ гущыІэм зэкІэлъыкІэн хуейщ», - жиІащ учыл Агроновский Дмитрий.

**ПУРТОВЭ Наталье.**
*«Мир новостей»*

● Ди зэпсэлъэныгъэхэр

## ЖИРИНОВСКИЙ Владимир: «Тыркухэм лъэхъуэщым срадзат»

**Пакистаным и Чарсаддэ къалэм дэт университетым ІэщкІэ зэщІэуэзэда цІыхуиплІ дыгъуасэ щыхьэри, студентхэмрэ абыхэм я егъэджакІуэхэмрэ яхуэгу щІидзащ. Иужьу къата хъыбархэм ятепщІыхьмэ, нэхъ мащІэ дыдэу 15 хэкІуэдащ, 50-м щигъу уІэгъэ хъуащ.**

● Мылъку

## «Газпром»-р ахъшэм ироджэгу

**«Газпром»-м Сестрорецк щиухуэнущ тотализаторхэр зиІэну шыгъэжапІэ. Ар хьэзэр хуэнущ илъэситі дэкІмэ, газ концерным и штаб-фэтэрыр Санкт-Петербург щыІэпхъуэнум ирихьэлІэу.**

АБЫКІЭ хъыбар дигъэщІащ Ищхъэрэ къалащхьэм и вице-губернатор Албин Игорь: «Сестрорецк курорт хьэблэм (Санкт-Петербург щыщщ - ***Ред.***) шыгъэжапІэр шы спорт комплексэ, зыгъэсапІэхэри хьэщІэщи хэту, щыдухуэну ди мурадщ».

ЩІыпІэр къыхахакІэщ - «Дюны» пансионатым пэмыжьыжу иІэ гектар 50-м нэблагъэ щІы Іыхьэр абы ейщ. Ар «Росипподромы» ОАО-м (абы и директорхэм я советым и унафэщІыр «Газпром»-м и Іэтащхьэ Миллер Алексейщ) иратынущ. Я нэгу зрагъэужьын, ахъшэкІэ щыджэгун папщІэ тотализаторхэр къызэІуахынущ. Абы папщІэ зыхуеину лицензэр ОАО-м ІэрыхьакІэщ.

ХьэщІэщри нэгъуэщІхэри хэмыту уухуэнигъэм сом зы мелард нэхърэ мынэхъ мащІэ текІуэдэнущ. Аращи, жыпІэ хъунущ илъэситІ дэкІмэ, Миллер шым тесу Питер дыхьэну.

Дауи, ар абы и уасэщ. Ауэ «Газпром»-м и дежкІэ сыт сом зы мелардыр зищІысыр? ИлъэсипщІым нэсауэ абы ахъшэуэгъпщІу «Щальке 04» нэмыцэ клубым - илъэс къэс еврэ мелуан 20 ирет. Еврэ мелуани 100-кІэ бразилие футболист Халкрэ Бельгием къикІа Витсельрэ (ди ахъшэр мы зэманым зэрызекІуэмкІэ сом мелардиі 8-кІэ) «Зенит»-м къыхуищэхуащ. Куэд щІоупщІэ: дэнэ здэкІуэр къэрал ахъшэр (акцэхэм я пакетыр иджыри къэралым Іэщіэльщ)? «Газпром»-м тхьэ щыщІэуэж футболым трагъэкІуадэм хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэр къиІэту. Арщхьэкіэ шыгъэжапІэр хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэм зыкІи епхакъым.

ЩІэупщІэну къоззгъ: концерным и Іуэхур апхуэдизу фІы, ахъшэр здиихьын имыщІэжу? Ди жагъуэ зэрыхъунщи, фІыкъым. НаІуэу зэрыщытми, газым и уасэр зэпытар щІыдагъэм и уасэрщ. ЩІыдагъэр нэхъ пуд мэхъу, абы кІэпъокІуэ газри. Абы щыгъуэми, «Газпром»-м хуэм-хуэмурэ фІокІуэд и гъэсыныпхъэр нэхъыбэу зыщэху Европэр. И щхьэусыгъуэр Урысеймрэ ЕС-мрэ политикэ и лъэныкъуэкІэ зэрызэгурымыІуэщ. ЩІыдгъужьнщи, США-м кІуэ пэтми газ ткІуаткІуэ нэхъыбэ Европэм кьешэ. Китайм кьригъэлыну? Ауэ абы кІуэ бжьамийр хъэзыр хъунукъым 2019 гъэм нэхърэ нэхъ пасэу. Пэж дыдэу, «Газпром»-м еврэ мелард куэд щыІэм щІитІащ - «Ипщэ лъэныкъуэ» бжьамийр ухуэным тригъэкІуэдащ. НэгъуэщІ къэралхэм гъэсыныпхъэу ирищэм нэуфІыщІхьэрыуэу хигъэхъуэну хущІэкъуКІэрэ, концерным къэрал кІуэщІым бжьамийуэ щиуэкъуэдийр мащІэ дыдэ ищІащ. ЩІыналъэ куэдым нобэр къыздэсым гъэ ялэкъым. Псом хэмыдэу гугъу йохь къуажэхэр. Статистикэм къызэритымкІэ, «гъэсыныпхъэ щІыхуэ» зыІэрыхьэр Урысейм и къуажэхэм я процент 54-рщ. Москва областым дачэ щызиІэм, псалъэм и хьэтыркІэ, и щІапІэм газ ишэну хуежьэмэ, а Іуэхум сом мин 400-м къыщыщІэдзауэ сом мин 700-м нэс щитын хуейщ. Куэдым ар яхуэзэфІэкІынукъым. АтІэ игъуэ мыхъуауэ пІэрэ езым и кьалэн нэхъыщхьэр «Газпром»-м игу къигъэкІыжыну, нэгъуэщІ къэралхэр мыхъуу Урысейм и гупэ кхыхуигъэззэн зэрыхуейр къыгурыІуэну? ШыгъажапІэхэр ухуэным, футболистхэр къэщхьэхуным сом мелардхэр тримыгъэкІуадэу ахэр гугъуехь инхэм хэт къэрал экономикэм хилъхьэмэ, куэдкІэ нэхъ щхьэпэт. Ауэ абы щхьэкІэ гудзакъэ пхэльын хуейщ.

**ГРЕГОРОВ Максим.**
*«Мир новостей»*

**ІэщІагъэлІхэр зэгуигъэпащ илъэсыщІэ зыгъэпсэхугъуэхэр къэсынымэ махуэ зыбжанэ фІэкІа имыІэжу Къэрал Думэм и депутатхэм хабзэ зыбжанэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм.**

## ЩІыхуэ птелъмэ, гъуэгу утемыхьэ

● ИлъэсыщІэ - хабзэщІэ

ПОЛИТИКЭ гъащІэм нэхъра гуфІэгъуэ Іэнэр зэраухуэным цІыхухэр нэхъыбэу щегупсыс зэманым ищхьэ палатэм щагъэуващ зыми иГу иримыхь жэрдэмхэм кІэхуэу унафэ тращІыхьу. Апхуэдэ щІыкІэкІэ белджылы хъуащ 2016 гъэм щІышылэм и 15-м къыщыщІэдзауэ сом мминипщІ нэхърэ нэхъыбэ щІыхуэу зытелъхэм автомобиль зэрагъэкІуэну хуит зыщІ тхылъхэр Іах зэрыхъунур. Ар зыхуэгъэзэр ЖКХ-мкІэ, алиментхэмкІэ, ямыпшынынэжа къуэдыкІэ къатехуа щІыхуэхэрщ.

Кризисыр зэрызэщІэлпІъам и зэранкІэ щІыхуэ мелуанэхэр улахуэнщэ щхьэуа лъэхъэнэм апхуэдэ хабзэ бгъэувыныр делагъэу къыщІэкІынущ. Ауэ депутатхэр абы игъэгуэзэвакъым. Жэрдэмыр фэтех дыдэу къащымыхьэн папщІэ иужькІэ тхылъхэр зыІахынухэм хагъэхьащ кхъуафэжьейхэр, кхъыхьэр, кхъухьлъатэхэр зиІэхэри.

Дауэ а Іуэхур зэрекІуэкІынур? Абы гугуехь гуэри хэлъынкъым. ЦІыхум къуэдыр ипшынын хуейуэ суд унафэ щыІэмэ, приставым еэым зи гугъу тщІы тхылъэм щыхур пигъэкІыфынущ. Хабзэр къыдэзэгъэкІахэм яГэуващ абы пэмыплІъэу езы цІыхухэм а тхылъхэр ятхын хуейуэ. Махуитху пІалъэр дэкІамэ, зымытам аргуэру сом мини 2,5-кІэ етхъэкъунущ.

Арщхьэкіэ мыр гъэщІэгъэнщ: зэрыгурыІуэгъэщи, алиментхэр, нэгъуэщІхэр зымытхэр автомобиль зезыгъэкІуэхэм я закъуэкъым.

«Автомобиль зебгъэкІуэну хуит узыщІ тхылъэр зыкІи ехьэлІакъым щыхум и мыпкъым, апхуэдэу щыщыткІэ - телъ щІыхуэм. Мыбдежьм делагъэм ущынэсыфынущ. КъащІэтэмэ, апхуэдэурэ екІуэкІмэ, щыхуэм зытелъхэр зэрыадэмкІэ, зэрыанэмкІэ яІэ хуитыныгъэхэми пагъэкІыфынущ. ИтІанэ нэхъ епІэщІкІыу япшыныжьыщ. Ауэ а псори щыгъэкІуэркъым зызыужьа къэралхэм. Абы нэрылъагъуу цІыхум и хуитыныгъэхэр къызэпеуд. Аращи, Къэрал Думэм и итуэуа хабзэм и тэмэмагъыр Конституцэ гущыІэм зэкІэлъыкІэн хуейщ», - жиІащ учыл Агроновский Дмитрий.

**ПУРТОВЭ Наталье.**
*«Мир новостей»*

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

# КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ ХьэхъупащІэ Хьэжбэчыр къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу

● Фэеплъ

*Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр Хьэбалэ и къуэр 1926 гъэм щ1ыш1ылэм и 21-м Кэнжэ къуажэм къыщ1ал7ыщ. Ар усакІуэщ, тхакІуэщ, макъамэдж1щ. Къуажэ школыр к1ыуэ иужь республикэ газетхэмрэ радиомрэ щ1ылэжьащ. Журналистхэр щагъэхьэзыр курсхэм (1943), Ленинград консерваторэм (1947 - 1952) щеджащ. Ил7эж къуэдк1э КъБР-м и Къэрал филармонием, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я союзым я унафэщ1у, Урыс1ейм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и секретару щытащ.*

*И усэхэр, нэгъуэщ1 тхыгъэхэр 1940 гъэм къыщыщ1эдзауэ къытрадзэ. «Насып вагъуэ» тхылъыр (1950) Хэку зауэшхуэм и ужькІэ Налшык ял7уэ къыщыдэкІаухэм ящыщщ. А зэманым къэрал псом и усыгъэм нэхъ щ1ытепщэ политикэ псальэ дыгъэлъхэр къебэкІыуэми, тхылъым щ1ынэрылъагъу7ар зытхам лирик нэсым и дуней еплъыкІэрэ гупсысэкІэрэ зэрыбгъэдэлъыр. А гъэ дыдэхэм Хьэхъупащ1эр хэкъуэуэ прозэ тхыгъэхэм елэжащ. Рассказхэр, повестхэр, романхэр щ1ызэхуэхьэса тхылъ куэд адыгэбзэкІи урысыбзэкІи къыдигъэкІащ. Ал7ущдзэхщ «Ди пщыдджыжь фІыуэ» (1955), «Русскому другу» (1957), «Нысащ1э» (1961), «С добрым утром» (1962), «Гур зыщ1эхъуэпсыр» (1965), «Дорога» (1968), «Гъуэгуэр щ1ым тельщ» (1973), «Иужьрей удж» (1975), «Анитім я къуэ» (1979), «Лъапэ махуэ» (1986), «Гъуэгущхьибл1ыр щ1ызэхэк1ым» (1992), «Тхыгъэ къыхэхакэр» (томит1 хъуэ, 1996). Хьэжбэчыр л7ажьыгъэшхуэ зэф1игъэк1ащ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я музыкэ щэнхабзэр джыным хуэунэт1ауэ. Абы екъэл1а статьяр куэд дыдэ, тхылъ щхьэхуэхэр и 1эдакъэ къыщ1эк1ащ.*

*Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр и л7ажьыгъэм пщ1эшхуэ хуащ1ащ. Абы къыхуагъэфащат къэралым и фІыщ1э дамыгъэхэр, «УФ-м гъуэзджэмк1э щ1ыхь зи1э и л7ажьакІуэ», «КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ» цІэ льапІэхэр.*

# Адыгэ щэнхабзэм жыджэру хуэлэжьа

ДИ ЛЪЭПКЪ щэнхабзэм, гъуэзджэм жыджэру икІи куэдрэ хуэлэжьахэм ящыщщ Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр. Пл7щ1ыгъуэ к1уам и пл7ыщ1 - тхущ1 гъэхэм ди республикэм кІыщыдзакІыжу щыта газетхэм я напэкІуэщІхэр къызэбгъдэзэкІыжу щІэбдзэмэ, абыхэм ящрохьэлІэ Хьэжбэчыр и тхыгъэхэм. Ахэр ятеухуат мэкъумэшым, промышленностым, щІэныгъэм, щэнхабзэм я лэжьакІуэ пашэхэм, Хэку зауэшхуэм л7ыгъэ щызэзыхьа ди л7ыхъужьхэм. Іэхур ал7хуэдэу зэрыщыгъым и щхьэусыгъуэт Кэнжэ школыр 1942 гъэм къэзыуха Хьэхъупащ1эм щІалэ дыдэу щІидзауэ радиом, «Къэбэрдей пэж» газетым зэрыщыглажьэр.

Зауэр щекІуэкІа, абы и ужь илъэсхэрауэ жыпІэ хъунущ Хьэжбэчыр усэ тхыным кьыхуэзыгъэушар. Зарисовкэхэм, очеркхэм къадэкІуэу, абы и ял7э усэхэри газетхэм, «Къэбэрдей» альманахым къытехуэу хуежьащ. Ауэ щІалэщІэм къыгурыІуащ утхэн, уи зэфІэкІкІым зебгъэзуэзщІын папщІэ уеджэн, щІэныгъэ куэ зэбгъэгуэтын зэрыхуейр. А хъуэпсапІэр абы кьехъуІащ 1947 гъэм. ГъащІэм и лъэныкъуэ псоми набдзэгубдзапІъуэ кІэлъыплъыф, тхэнми щэнхабзэмэ хъарзынэу хэзагъэ Хьэхъупащ1эм лъэпкъым хуэщъхьэпэн щ1ыкІ къызэрыхэкІынур къалъытэри, ар хагъэхуащ Римский-Корсаковым и щ1эр зэрихьэу Ленинград дэт консерваторэ щІэрыІуэм къыщызэрагъэпэща Адыгэ студием щеджэну ягъакІуэ ди щІалэгъуалэ гупышхэм.

Журналистикэм хуэІэкІуэлъакІуэ хъуауэ еджакІуэ кІуа Хьэхъупащ1эм зригъэгъуэта Іэзагъэр къыхуэщхьэпэжащ: зэреджэм хуэдэуэ, и кІалэмри игъэлэжьащ. Зыхуеджэ музыкэ Іэщ1агъэм, артистхэм, тхакІуэхэм ятеуха и тхыгъэхэм къапэкІуэмкІэ и щхьэр ирипІыж къудейтхъым - а материалхэр щызэхуихьэскІэ ар кэуэдым хэгъуаззэрт, и щІэныгъэ къэухым, и Іэзагъэм хэхъуэрт. Дауи, а псори кьыхуэщхьэпэжащ абы и уэсхэр щызэхуэхьэса «Насып вагъуэ» и Іэр тхылъыр, 1950 гъэм къыдэкІар, щигъэхьэзырым.

Консерваторэр ехъулІэныгъэкІэ кьэзыухуу 1952 гъэм Налшык къэзыгъэзэжа щІалэ Іэзэр яхуэмыгъуэтым хуэдэ Іэщ1агъэлІти, лэжьапІэ щхьэкІэ гугъу ехьакъым - а гъэ дыдэм ягъэуващ ди филармонием и художественнэ унафэщ1у, ТІэкІу дамІри - директору. Илъэс щэщІым щІигъуКІэ щылэжьащ ар филармонием.

И къулыкъухэр дэгъуэу зэрызэрихьэм папщІэ, Хьэхъупащ1эм пщ1эшхуэ къыхуащІыт. Хьэжбэчыр къыхуэарззыт Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщ1хэри езым игъэлажьэхэри. Аращ абы 1957 гъэм къыщІыфІащар «РСФСР-м и гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр. Пасэ дыдэу къилэжьа а пщ1эшхуэм хэхъуэ зэпыту екІуэкІыуэр, Хьэхъупащ1эм къыхуагъэфэщащ Кавказ Ищхъэрэм зиубыдэ республикэхэми я гъуэзджэм и лэжьакІуэ цІэ льапІэхэри. Ар хэтащ Урысейм и ТхакІуэхэми Композиторхэми я зэгухьэныгъэхэм. Ди республикэм и Композиторхэм я союзым и правленэм и тхьэмадзу илъэс куэдкІэ лэжьащ. Урысей Федерацэм и Композиторхэм я союзым и правленэми и секретаруи мызэ-мытІэу хахащ. Ди къэралми Къэбэрдей-Балъкъэрми я дамыгъэ льапІэхэр, щ1ытхъу, щ1ыхь тхыльхэр куэдрэ къыхуагъэфэщащ. ЩІыпІэ Советхэм я цІыхубэ депутатиу куэдрэ хахащ.

Ал7ущдзэ къаІэнэр зи пщ1эрылъ Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр ди льэпкъ художественнэ литературэми жыджэру, ехъулІэныгъэ иІэу хуэлажьэрт. УсэкІэ къезыгъажьэу зи Іэзагъэм зезыгъэузэщІа Хьэхъупащ1эм и рассказхэр щІэхщ1эхьыурэ къытехуэрт Налшыки Москваи къыщыдэкІ сборникхэм. Итланэ дунейм къытехьэу хуежьащ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр. Абыхэм критикхэри тхылъджэхэри гуапэу яІущІащ. Псом я дежкІи гурыІуэгъуэт: адыгэ литературэм къыхыхьат зи рассказхэмкІэ, повестхэмкІэ, романхэмкІэ узыгъэгуфІэ, нэхъыбэжрэ нэхъыфІыжкІи узыщІигуГъ хъун тхакІуэ Іэзэ. Ар икІи къыщІэкІащ псори кьыхуэрыщыгуГъэуэ. Абы и щ1ыхьэтщ Хьэжбэчыр и тхыгъэ купщІафІэхэмкІи къыпІежьа пщІэшхуэхэр: абы кьыфІащауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ» цІэ льапІэр, апхуэдэуи кьыхуагъэфащат ди республикэм и Къэрал саугъэтыр.

2000 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м дунейм ехыжа, литературэми музыкэ щэнхабзэми жыджэру хуэлажьэу зи гъащІэр езыхьэкІа Хьэхъупащ1эм и лъэужьыфІ кьыхэнащ ди лъэпкъым и художественнэ литературэмрэ гъуэзджэмрэ я тхыдэм. Аращ абы и цІэр ноби щІащ1ымыгъупщэр.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# Сытым дежи

ДИ лъэпкъ гъуэзджэм зиужьыным гукІи псэкІи тегуэзвыхьу, абы папщІэ лъэкІ къимыгъанэу щытащ Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр. Абы къищ1ынэмыщ1ауи, композиторхэр л7ажьыгъэм тезыгъэгушхуэ, я жэрдэмхэр ядэзыІыгъ щ1ыху щ1эджащ1эт ар.

Зорытхакіуэм къыщ1ымынэу, Хьэхъупащ1эм и Іэдакъэм къыщ1эк1ащ сценэм папщІэ л7ажьыгъэ куэд, лъэпкъ музыкэм и тхыдэр дунейм къытригъэхьащ.

Унафэщ1 Іэкіуэльаекіуэу зыкъыигъэлъэгъуащ Хьэхъупащ1эм. Ди республикэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадзу щ1ыщытам абы хуэзфІэкІат союзым хьихьэ щ1ыху бжыгъэр куэдкІэ нэхъыбэ ищ1ын. Уеблэмэ, а лъэхъэнэм Ставрополь краим и композиторхэр дыдейм кьыхьихьэрт. ИужькІэщ1 ахэр щхьэхуэ щ1ыхъужар.

Хьэхъупащ1эр макъамэдж л7ыщт, ц1ыху гу кьабзэт, псоми сэбэн зэрахэхъуным сыт дежи иужь итт. Щ1ыІэт абы и дуней тетыкІэр къызыгурымыІуэхэр, ауэ, сэ къызэрыслъытэмкІэ, ар зи л7ажьыгъэм фІыуэ хэзыщ1ыкІ, ныбжьэгъу зыІыгъыфІ, зыми зэран хуэхъуну зигу къэмыкІ ц1ыху пэжт. И Іэху еплъыкІэ и1эжт, Іэхугъуэ гуэр къыкъуэкІамэ, асыхьэтым зэфІихьыфырт.

**ЖЫРЫКЪ Заур,** *композитор.*

● Архъыз - Іуащхьэмахуэ

# Дихьэххэм я бжыгъэм махуэ къэс хохъуэ

**Кавказ Ищхъэрэ турист кластерым хиубыдэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и «Архъыз», Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Іуащхьэмахуэ» курортхэм илъэсыщІэм иращІэкІ хабзэ гуфІэгъуэ махуэхэм хуэзэу а зыгъэпсэхупІэхэм кІуа ц1ыхухэм я бжыгъэр мин 75-м щхьэдэхащ. Абыхэм ящыщу мин 46-р Іуащхьэмахуэ л7ыпэ щы1ащ, мин 29-р «Архъыз» курортым щ1ыхьэщІащ.**

- А МАХУЭХЭМ турист нэхъыбэ къызэрытхуэкІуэнум дыщыгъуазэти, абыхэм ягу нэхъ дыкъызэринэжыным, я зыгъэпсэхуГъуэр нэгуэныжьрэ гукъинэжу, тыншу зэрыразхэкІыным хуэгъэзауэ л7ыжьитхъэу къэтІытэ псори абы ипэкІэ зэфІэдзэкІат. Арагъэнщ къызыхэкІар «Архъыз» курортым и бгы-л7ыгъуэ къьежжьыпІэхэм мы махуэхэм кІэрыхьахэм я бжыгъэр адрей илъэсхэм и апхуэдэ л7ыхъэнэм елъытауэ куэдкІэ нэхъыбэ ц1ыхуэари. Кьыхэгъэщ1ыпхъэу къыщ1экІынщ, «Архъыз» курортым л7ажьэгъуэ махуэхэм екІуалІэ туристхэм я бжыгъэр щыкІэ нэхъыбэ зэррыхъуари, - жиІащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и генеральнэ директор Горчев Олег.

Абы щ1эрыхихгъэщ1амкІэ, «Архъыз» урысейпсо турист рекреацэ комплексым мы щ1ымахуэм зыщ1ыгъэпсэхуну кІуэхэр, адрей блэкІа илъэсхэм и апхуэдэ л7ыхъэнэм елъытауэ, куэдкІэ нэхъ щотыныс: л7ыжь-Іэжь Іэмэпсымэхэр къыщ1ах щ1ыпІэхэм, кассэхэм, нэгъуэщ1хэми чэзу кІыхьэм щарихьэлІэжьыркъым, автомашинэ гъэувыпІэхэри нэхъыбэ хъуащ. ЗэхъуэкІыныгъэфІхэр кьрикІуащ бгы-л7ыжь зыІыгъэпсэхупІэм пыщІа Іуащхьэмахуэм я л7ажьыгъэ иджырей мардэхэм къытІасэу зэрызэтраухуэжамэ. Псалъэм папщІэ, мы щ1ыпІэм концерт гъэльэгъуанІэхэм зыщрагъэубгъуащ, абы и фІыгъэкІи артистхэр нэхъыбэрэ кьрагъэблагъэ хъуащ, уэскІыемысми, Іэрыщ1уэсыр хьэзыр щІи, л7ыжь кІъежжьыпІэхэм ар хуэфІу тракІуэ.

- «Іуащхьэмахуэ» урысейпсо турист-рекреацэ комплексми екІуалІэ туристхэм я бжыгъэр, зэрыщытам елъытауэ, куэдкІэ нэхъыбэ хъуащ, - дыщІигъуащ и псалъэм Горчев Олег. - Ар зыхуэпхь хъуну щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу кьыдолъытэ Европэм щынэхъ л7аГэ щІыдэ бгырыкІуэ кІапсэ дэкІуеипІэ мы щІыпІэм зэрыщащхуар. Куэд мыбы кьокІуэ зыщапл7ыхьыпи кьудей щхьэкІэ, бгы л7агъуэхэм лыжэкІэ е Іэжьэкіэ кьемыхьыхьэнуми. Зи гугъу тщІы махуэхэм «Мир» станцым кьыщегъэжьауэ метр 3847-рэ зи л7агагъ «Гара-Баши» станцыи нэсыху зыдрезыгъэшеину хуейуэ ски-пассхэр кьэзыщхуэ ц1ыхухэм я бжыгъэр псори зэхэту мини 5,5-м нэсащ.

Илъэсщ1эм иращІэкІа гуфІэгъуэ махуэхэм къриубыдэу, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м зи гугъу тщІы и зыгъэпсэхупІитІри туристхэм кьаазэрыщхьуэм теухуа социологие къэпщытэныгъэхэр щригъэкІуэкІащ. Къызэгъэпэщ1ащ1ахэм къызэралытэмкІэ, «абыхэм къарикІуащ къахуэщ1ыхэпэнущ гъэм и зэман псоми лажьэ курортхэм щ1ыхьэщ1эхэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ дяпэкІэ нэхъыфІыжу къызэгъэпэщ1ыным ехьэлІауэ.

- «Архъыз», «Іуащхьэмахуэ» курортхэм щ1ызэкІуэ уасэхэр щ1ышылэм и 11-м щегъэжьауэ абы и1экІэ зэрыщытам техьэжащ. А Іуэхугъуэм мы щІыпІэхэм турист нэхъыбэ къришэлІэнущ. «Си фІэщ1 мэхъу, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м нэхъри зызригъэужь зыгъэпсэхупІэхэр Урысейм щыпсэу ц1ыхухэр нэхъ дэзыхьэхэм ящыщу мы щІымахуэм зэрыщ1ытынур», - и псалъэм пищащ Горчев Олег.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● Егъэджэныгъэ

# Дэтхэнэ зыми

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщызэІуахащ курыт еджапІэм и ебгъуанэ, епщыкІуэнэ классхэм щІэсхэр ГИА-м, ЕГЭ-м щыхуагъэхьэзыр лицей.**

САБИЙМ езым кьыхихыну Іэщ1агъэм теухуауэ сыт хуэдэ унэтІынныгъэмкІи сэбэн хъунущ мы Іэхущ1апІэр. ЗэфІэкІышхуэ зи1э, щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ егъэджакІуэ цІэрыІуэхэщ ц1ыкІуэр зыгъэхьэзырынур. Лицейм и унафэщ1, филологие щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент Насыл Артур псалъэ гуапэкІэ зэхуэхьэзащ щІалэгъуалэм.

- Щ1эблэ еджа кІуэзыщ1эувэ, щ1эныгъэ куу зэзыгъэгъуэт лъэпкъыгрщ зызыкІуэныгр. Аращ1эж, нэхъыжьхэр, дызыщ1эхъуэпсыр икІи ди щІалэгъуалэм я щІэныгъэм хэдгъэхуэн мурадкІэ мы еджапІэр къызэдгъэпэщащ, - жиІащ абы.

Зи быныр гъуэгу дахэ тезыгъэувэну хуей дэтхэнэ адэ-анэми я сабийхэр мы лицейм къагъакІуэмэ, щ1ымыуэну ди гугъэщ. Щ1эныгъэ зыбгъэдэлъ ц1ыхум и Іуэгур зэІухащ. ФІыгъуэкІэ, насыпкІэ дызыщ1агъуГъ ди щІэблэм дэІэпыкъуГуфІ дыдэ хуэхъунущ мы еджапІэр. ЕГЭ, ОГЭ къэпщытэныгъэхэр кьызыпэщ1ыльэ дэтхэнэ зыми къыщ1ежьэ ящ1ейм. Фыкъьеблагъэ, фи щІэныгъэм хэвгъэхуэнумэ, фи гупсысэхэм зевгъэуузэщІынумэ.

**ДЖЭДУ Сэкинат.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и композиторхэр Москва макІуэ. *1998 гъэ*



КъБАССР-мрэ Къэрэшей-Шэрджэс АО-мрэ я тхакІуэхэм я зэІущІэ Налшык щокІуэкІ *1978 гъэ*

# Мылъкум елъытакъым

ХЬЭХЪУПАЩІЭ Хьэжбэчырр сэрэ 1947 гъэм, Ленинград консерваторэм дыщІэтІысхьэну дыщыкІуэм, дызэрыщІыхуат. Абы къыщыщІэдзауэ дунейм ехьыжыу дызэныбжьэгъуащ, дызэрыгъэпэжащ, стхыхэм гупсэхуу кІэлъыплъырт, езым и Іэдакъэщ1экІэхэм сэ фІыуэ сыщыгъуаззт.

Консерваторэм и операрэ режиссёр факультетыр къыухыу ди республикэм къигъэзэжа иужь, ар КъБАССР-м и Къэрал филармонием и унафэщІу, адэкІэ Композиторхэм я союзым и правленэм и тхьэмадзу л7ажьащ. Сыт хуэдэ ІэнатІэ пэрымыт1ами, Хьэхъупащ1эм Іэхур Іэпэдэгъэлэл зэи ищІакъым, гу хьэлэлкІэ, псэ кьабзэкІэ и пщ1эрылъыр игъэзэщІа фІэкІа.

Операрэ режиссёр Іэщ1агъэр и1эу Налшык къигъэзэжами, Хьэжбэчыр нэхъыбэу зэрылэжьар макъамэджущ. Музыкэм дихьэх щІалэгъуалэм ядэІэпыкъуу, и Іуэху еплъыкІэр ягурыІуэу, сэбэпышхуэ яхуэхъуу щытащ. Тхылъ къыдигъэкІахэм пщ1эшхуэ къэзымылжь яхэткъым жыпІэныр, уеблэмэ, мащ1щ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и профессиональнэ музыкэм теухуауэ итха л7ажьыгъэшхуэм и закъуэ мыхьэнэуэ и1эр къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ.

Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр псэку зымыщ1а, пщэдджыжьым сыхьэтийм къыщ1ыІэдзауэ пщ1ыхьэщхьэм сыхьэтрэ хъуху зи л7ажьыгъэ І7энатІэм щыбгъуэт ц1ыхут.

Т1экІу сызэІэбэкІыжу сыхуейт зы Іуэхугъуэ сытепсэлъыхьыну. Консерваторэм дыщеджэу ерыскъыр кІэточкІэ щагъуэш І7малыр щ1ыуахьжам, Хьэжбэчыр пщэдджыжьым жьыуэ тыкуэным кІуэщ, щІакъуэ хужь къищ1эхурн, студентхэм яхуигуэшауэ щытащ. Зауэ нэужь зэманым ял7э дыдэ щІакъхъуэ хужь сэзыгъэшхэр Хьэжбэчырщ. ЕджапІэр иджыри кьэзэмыхуэу зыгъэпсэхуакІуэ сыкъыздэкІуэжам, ял7э къуэйжьапхъэр сІуэзыгъэхуари си ныбжьэгъум и анэрщ. Мис апхуэдэу фІыуэ дызэрыльагъуу, дызэкІэлъыкІуэу дыкъызэдекІуэкІащ Хьэжбэчыррэ сэрэ.

Гугъуехь куэд и нэгу щІэкІами, адэнщэу къэхъуами, Хьэхъупащ1эр ц1ыху насыпыфІэу щытауэ къэзыолъытэ. Сэ насыпыр зыхэслъагъуэр мылъкурэкым хьэмэрэ нэгъэщІ кьулеигъэкым. Ц1ыхур фІыуэ зыльагъур, ц1ыхум фІыуэ къалъагъуращ насыпыфІэу сэ къэслъытэри, Хьэжбэчыр апхуэдэ хьугъуэфІыгъуэр и куэду дунейм тетащ.

**КЪАРДЭН Хьэсэн,** *композитор, УФ-м и цІыхубэ артист.*

# Гу пщІанэ

АДЫГЭ лъэпкъым и ц1ыху уардэ, щэнхабзэм, литературэм, гъуэзджэм мыкІуэдыжьну л7ыужь къыщ1ызыгъанащ Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр.

Хьэжбэчыр си дежкІэ адэу, кІуэзу нэхъыжьу, ущиякІуэ нэсу щытащ. И зэфІэкІым щ1ыщу мащ1э т1экІу къыпхилъхьэфамэ, иригуфІэрт, дамэ къытригъэкІам хуэдэу кьыпщ1ыхъурт абы, апхуэдэ гуапагъэрэ гу пщІанагъэрэ хэлъти.

Хьэжбэчыр и1а лъэкІыныгъэр, ц1эрыІуагъэр игъуэтын и пэкІэ гугъуехь куэд и нэгу щІэкІащ. Ар республикэм къыщыдэкІ газетхэм щылажьэу, кьали кьуажэ тхьдзаи къимыГанэу кІуэрэ, ц1ыхухэм я псэукІэр, ахэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэр зригъащ1эуэрэ, абыхэм ятепсэлъыхьыжу кьыщидзауэ щытащ. 1943 - 1945 гъэхэм Хьэхъупащ1эм и тхыгъэхэм, тхьэгъуэ къеуэм хуэдэу, ц1ыхухэр бэнэныгъэм къыхураджэрт, зэкъуэтынныгъэм, зэкъуэшыгъэм хуагъасэрт.

Ди щэнхабзэм и къэкІуэнум папщІэ Хьэжбэчыр л7ажьэшхуэ зэрыригъэкІуэкІар мы щапхъэми на1уэ къыпщещІ. Дирижёр гъуэзэзджэхэу Темыркъанхэ Юрэрэ Борисрэ л7ъэ быдзкІэ уеын папщІэ абы мащІэ зэфІигъэкІакъым. Ди гуапэ зэрыхьэщІи, Хьэжбэчыр и фІыщ1эр а тІум зэи ящыгъуэщакъым. Юрэ къэкІуэжьыу абы зыхуигъазэрт, пщІэ лей хуищІу. И зэфІэкІхэм я гугъу щ1ыхуищІкІэ, Хьэжбэчыр гуфІэрт, ирипагэрт.

Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр пщ1эшхуэ кьыхуащІу щытащ урыс композиторхэу Шостакович Дмитрий, Свиридов Георгий, Щедрин Родион сымэ. Ар куэд и уасэщ.

Ц1ыхухэм уэрэдыр я гум нэхъ дохьэ, я псэм зарегъэгъэпсэху. Хьэжбэчыр и псалъэхэр щІэлъу ди композиторхэм ятхахэр ноби дзапэ уэрэду къэнащ. Апхуэдэхэщ «Си нанэ дахэ», «Фаризэт», «Къэбэрдей-Балъкъэр», «Налжан», нэгъуэщІхэри.

Си къуэш нэхъыжьу фІэкІа къэзмылъытэу щыта Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр и фэеплъыр сыпсэухукІэ си гум илъынщ.

**МОЛЭ Владимир,** *композитор.*

## Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

### Редколлегием хэтхэр

**Жыласа Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маринэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

**Езыгъэтхаэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я щ1ыпІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм я ядэлжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжыгъэхэм, къыщ1ЭТа Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къьдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эльэ, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Щ0джэн Заирэ (1, 4-нэ нап.), Щ1ъхьщэмыщ1 Иэ (2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящ1ащ Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, суэрэтхэм елэжьар Бицу Жанэщ.*

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзырац.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №60